ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКІУ

АДЫГЭ ЛЫЗЭ ПЫЛЬЪ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКІ

№49 (21.207) ● 2008 гъэм гъатхэпэм (мартым) и 13, махуэку ● Тхьэмахуэм тхуэ къыдокІ ● И уасэр соми 3-щ ●

adyghe@mail.ru
adyghepsale.ru

«Интурмаркет-2008»

КЪБР-м курортхэмрэ туризмэмкІэ и министр Фырэ Руслан зи пашэ делегацэр хэтынущ гъатхэпэм и 15-18-хэм Москва къалэм и «Крокус-Экспо» центрым щрагъэкІуэкІыну «Интурмаркет-2008» дунейпсо гъэлъэгъуэныгъэм.

АБЫ КІУЭНУХЭМ ящыщщ федеральнэ мыхьэнэ зиІэ «Налшык» курортым, «Эльбрустурист» ОАО-м, «Синдика» интурист хьэщІэщым и ІыкІуэхэр. Мы зэхыхьэшхэм утыку къыщралъхьэнущ республикэм и курорт-рекреацэ комплексым и зэфІэкІхэр. Абы къекІуэлІэхэм я нэгу зрагъэужьынущ «Кавказым и пшэлтхъэр» сабий къэфакІуэ ансамбль цІэрыІуэм и артистхэм.

Гъэлъэгъуэныгъэр къыщызэІуахкІэ кърихьэлІэнущ Дунейпсо турист зэгухьэныгъэм - Лъэпкъ Зэгуэтхэм я Организацэм и Іуэхущ Іапі хэхам - и генеральнэ секретарь Франжиалли Франческэ. Семинарым докладхэр щащІынущ Германием, Венгриеи, Словением, Австриеи, Болгариеи щыщ эксперт цІэрыІуэхэм, Дунейпсо турист зэгухьэныгъэм и ІыкІуэхэм.

Мы гъэлъэгъуэныгъэм хихыдзэу къыдэхъугъэлъэщыкІуэ Урысейм, адрес къэралхэм я туризмэм зегъэужьынымрэ пыщІа пресс-конференцэмрэ семинархэмрэ. Апхуэдэу зэщІыгъуу семинар ирагъэкІуэкІынущ УФ-м Туризмэмкіэ и федеральнэ агентствэмрэ Дунейпсо турист зэгухьэныгъэмрэ. Мы зэхьхьэшхэм апхуэдэу щытепсэлъыхьынущ туризмэм и Іэнатіэм зегъэужьыным къэралхэм я экономикэм папщІэ иІэ мыхьэнэм, цІыхухэм я узыншагъэр зэрыгъэфІакІуэ Іэмалыщ Іэхэр, технологиехэр, щІэныгъэкъэхутэныгъэхэр къэгъэсэбэпыным.

САСЫКЪ Маринэ.

Наркополицейхэм я юбилей пшыхь

Хабзэм къемызэгъыу наркотикхэр зэрызэрагъэкІуэкІым кІэлъыплъынымкІэ Федерал Іуэхущ Іапі эм и Къэбэрдей-Балъкъэр Управленэм щекІуэкІащ Іэнатіэр зиІэ зэрызэрагъэпэщэ ильэсри 5 зэрырикъум теухуа гуфІэгъуэ зэІущІэ.

ЗЭІУЩІЭР езыгъэкІуэкІа, Управленэм и унафэщІ полиц щэм и генерал-майор **Кулбаев Руслан** кьеджащ УФ-м и Президент Путин Владимир и хъуэхъум. «... Зэрыщыі э ильэситхум къриубыдэу Урысей ФСКН-мрэ абы и щыналъэ организмэрэ лэжьыгъэшхуэ зэфІагъэкІащ наркотикхэр зэгъэкІуэкІыным ебэныным теуха къэрал политикэр зэфІэувэным икІи пхыгъэкІыным и Іуэхукіэ. Іэнатіэм и лэжьакІуэхэм я къарукІэ зэфІэувэ наркотикхэм ехьэлІауэ ялэжь щІэпхьаджагъэхэм ебэныныкмкІэ Іэмалыщ Іэхэр... Си фІэщ мэхъу, наркокІэлъыплъыныгъэм и органхэм я лэжьакІуэхэм жэуапльныгъэ зыгъэпсы я пщэрыльхэр адрыІи хьэлэлу зэрагъэзэщІэнур», - итщ абы.

КЪБР-м ШынагъуэншагъэмкІэ и советым и Секретарь **Шондыр Олег**эи махуэр зыгъэльапІэхэр щыгъуазэ ищІащ КЪБР-м и Президент Кьанокъуэ Арсен къыбгъэдэкІ хъуэхъум. «...Арэзы сытехъуэу кьыхъэгъэщыну сыхуейщ а илъэсхэм Управленэм зэрызиужьар икІи лъэ быдэкІэ зэрыуварр. Дэ нобэ жьитІэфынущ, ди жылагъуэм дежкІэ щІэуэ щыт а Іэнатіэр зэрызэфІэувам и мызакъуэу, атІэ, эи Іуэху дэкІ хабзэхьумэ органхэм ящыщ зыуэ зэрыуварр, къэрал институтхэм я деж езым и увыпІэ зэрыщыубыдар».

Наркополицейхэм я хьэщІэхэм, КЪБР-м и Парламентым и спикер **Бечелов Ильяс**, КЪБР-м и прокурор **Жарников Олег**, УФ-м и Президентым и ІыкІуэу ЮФО-м щыІэ Аппаратым КЪБР-мкІэ и федеральнэ инспектор нэхъыщхьэ **Меркулов Александр** КЪБР-м и прокуратурэм и деж щыІэ Следственнэ комитетым и Управленэм и унафэщІ **Іустэ Валерий** КЪБР-м и Суд Нэхъыщхьэм и унафэщІ **Мер Юрий** сымэ зыхэтахэм, Управленэм и унафэщІхэмрэ и лэжьакІуэхэмрэ щехьэхъуэхъум кьыхагъэщащ, мы Іэнатіэр кьызэрэпэщыныр ильэситху и пэкІэ зэманым кьигъэувауэ зэрыщытар. Ар зэфІэувэныр екІуэкІащ щытыкІэ кьызэрымыкІуэм и лъэхъэнэм: зэман мыиным кьриубыдзу я кьалэн ягъэзащІэу зэкІуэдащ лэжьакІуэ 5. Абыхэм я унагъуэхэм ящыщхэм, зэІущІэм кьрагъэблагъэхэм, ираташ Ветеранэм я урысейпсо жылагъуэ зэгухьэныгъэм, «Боевое братство» зыфІащам, и фэепль дамыгъэхэр.

Кульбаев Руслан, ильэситху лэжьыгъэм кьрикІуэхэр щызэхихльхьжым, властым и органхэмрэ жылагъуэмрэ иджыри зэ кьыхуриджащ наркоманиемрэ наркотикым ехьэлІауэ ялэжь щІэпхьаджагъэхэмрэ ебэныным я кьурур хуэзщІагъэуІуэну. АдэкІэ абы дамыгъэхэр ритащ Управленэм и лэжьакІуэ кьыхэжаныкІахэм.

МЭРШЭНКЪУЛ Наталье.

●Егьэджэныгъэ

Ахъшэр зытекІуэдэнур

Иджыблагъэ хъыбар гуапэ къытІэрыхьащ. Егъэджэныгъэ Іэнатіэр егъэфІэкІуэным хуэунэтІауэ екІуэкІа урысейпсо зэпсэусэм бжьыпэр щызыубыда щІыналъэм 10-м ихэхуащ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэр. Абы ищхьэ иткІэ кьыхуатІыщащ сом мелуан 302-рэ.

ЕГЪЭДЖЭНЫГЪЭМ щрагъэкІуэкІыну зэхъуэкІыныгъэхэм щыщу а мылъкур зытрагъэхІуэдэну унэтІыныгъэхэри яубзыхуащ:

- егъэджакІуэхэм я улахуэр кьэІэтын, я щІэныгъэм хэгъэхъуэн;
- егъэджэныгъэ Іуэхущ Іапі эм я щІыналъэ кьудамэхэм зегъэужьын;
- егъэджэныгъэ Іуэхущ Іапі эм я лэжьыгъэм жылагъуэ кьаруухэр кьыхэпІэн.

Апхуэдэу Къэрал Думэм щытепсэлъыхьащ Анголэм, Мозамбикым, Эфиопием, нэгъуэщІ къэралхэм щекІуэкІа зауэ Іуэхущхэм хэтахэм я псэукІэр егъэфІэкІуэным.

●Лэскэн куей

Лъэ быдэкІэ мэув

Анзорей жылагъуэм щыщ Апекъуэ Нарик 2006 гъэм «Корона-А» ООО-р кьыщыІэзэригъэпэщам иІар жэм 30-щ, Нобэ абы и хозяйствэм щыІэзэрахьэ Іэщышхуэу 70. Зы жэщ-махуэм щэ литр 280-рэ кьаш, ар жэм кьэс хуэІэзу килограмм 11,2-рэ мэхъу.

Мэкъумылэ лІэужьыгъуэ псоми хуэдэ яІэщи, мэлрэ бжэнуи 110-м щІигъу кьатемыхьэлъэу ягъашхэ. Щытхъу яІэщ Іэщыхьуэхэу Джатэжьей Алим, Апекъуэ Арсен, жэмыш гуащІафІэхэу Сэбаншы Маринэрэ Гуэбэщыкі Мулидрэ.

Лэскэн районым мэкъумэш хозяйствэмрэ ерыскъыпхьэхэмкІэ и Іуэхущ Іапі эм Іэщ гъэхьунымкІэ и кьудамэм и унафэщІ Теунэж Хьэжьисмел кьызэрыджІамкІэ, «Корона-А» ООО-р лъэ быдэкІэ мэув.

«Ильэси 2-3 нэхъ дэмыкІыу абы и зэфІэкІым нэрылъагъуу хэхъуэнущ икІи и Іэщ бжьыгъэр ику иту 200-300-м нигъэсынущ», - жиІащ абы.

НАСЫП Заирэ.

Къэрал Думэм

УФ-м и Федеральнэ Зэхуэсым и ищхьэрэ палатэм зи гугъу ящыну Іуэхуэхэмкіэ хабзэм дыгъуасэ хилъхьа зэхьуэкІы ныгъэхэм хуабжьу ягъэтІылкІий тхыльэ нэпцІэр зэратым, я гудзакъэншагъэм кьыхэкІыу кьулыкъущІэхэм яхь жэуапІэр.

Ялэжьакъэм зэраныгъэу кьашар зыхэуэдизым ельытауэ абыхэм тезыр зэмылІэужьыгъуэхэр тралъхьэнущ. Псалъэм и хьэтыркІэ, хабзэншагъэкІэ паспорт зытІыр ильэситхэм нэскІэ лъэхъуэщым ирагъэсынущ. Нэхъапэм кьулыкъущІэр жэуапым ирашалІэу щытакъым, езым и гудзакъэншагъэмкІэ кьуейсысыгъэ ин кьэмыкъуауэ щытмэ. Иджы абы и Іэпэзэгъэлэпыгъэм и зэранкІэ щыхум и хуитыныгъэр кьызэпыудамэ, тезыр тралъхьэнущ.

Апхуэдэу Къэрал Думэм щытепсэлъыхьащ Анголэм, Мозамбикым, Эфиопием, нэгъуэщІ къэралхэм щекІуэкІа зауэ Іуэхущхэм хэтахэм я псэукІэр егъэфІэкІуэным.

Щытыкіэр щызэщІоплъэ

Косовэ и Іуэхур нэсу зэфІахын папщІэ псом япэу Белградрэ Приштинэрэ зэпсэльэн хуейщ, жиІащ ООН-м ЩынагъуэншагъэмкІэ и Советым кьыщыщыпсалъэм Урысейм и Лыкіуэу абы Зэрыкьуу щыІэ Чуркин Виталий.

Щынальэр щхьэхуэ хъуным теухуауэ епІэщІэкІыу кьащта унафэм, апхуэдэ быдэуи кьухъэпІэ кьэралхэм ар псынщІэу зэрыдаьгъам и зэранкІэ, Балканхэм щытыкІэр щызэщІэплъэ зэпытщ.

Сербием нэгъуэщІ къэрал Іуэхуэхэмкіэ и министр Еремич Бук жиІащ Еврооюзым и дипломатэхэмкІэ Косовэ ехьэлІа Іуэхур зэрызэфІамыгъэкІыфынур, ар зи кьалэну щытын хуейр ООН-р зэрыварар.

Къулеигъэ ин

УФ-м и Правительствэм дыгъуасэ щытепсэлъыхьащ мэз Іэнатіэм.

ЗэІущІэм хэтащ компание 50-м нэблагъэм я пащхьэм кьыщыщыпсальэм, Премьер-министр Зубков Виктор жиІащ дунейм и мэз кьулеигъэ псоми я Іыхьэ планэр Урысейм кьызэрыхуэзэр.

Дэ ди кьалэнщ а фІыгъуэр фейдэшхуэ пылну кьэдгъэсэбэпыну, абы папщІэ дызыхуеину Іэмалхэр кьызэдгъэпэщыну, кьыхигъэщхьэхукІащ Зубков Виктор.

Мылыр мэткІу

Зи инагъкІэ дунейм щыещІа Патагоние мылылъэ абрагъуэр мэткІу.

Ар псом хуэмыдэу Аргентинэм и дежкІэ щынагъуэщ. Еджагъэшхуэхэр йогупсыс абы зэраныгъэу кьишэнум цыхуэхэр зэрыщахьумэну щыІэкІэм.

(ИТАР-ТАСС).



♦Ильэс 70 и пэкІэ (1938) ВКП(б)-м и ЦК-мрэ СССР-м и Цыхубэ Комиссархэм я Советымрэ «Льэпкъ республикэхэмрэ областхэмрэ я школхэм урысыбзэр зэрыщагъэджэныным и Іуэхукіэ» унафэр кьаштащ.

♦Ильэс 60 и пэкІэ (1948) американ Фукс Клаус Лондон щыІущІащ совет тІасхьэщІэхьм икІи абы кьыщритащ ядернэ Іэщэ ягъэхьэзырыныкІэ мыхьэнэщхэу зиІэ тхыльхэр. 1950 гъэм еджагъэшхуэр ягъэтІысащ, ильэс 14 тралъхьэри.

♦1955 гъэм кьызэрагъэпэщащ СССР-м Къэрал Шынагъуэншагъэмкіэ и Комитетыр.

♦Гъатхэпэм 13-14-хэм Брюссель (Бельгие) Европэ Советым и сессие щекІуэкІынущ, абы кьыкьа кьэралхэм я Іэтащхьэхэмрэ я унафэщІхэмрэ я Xl зэІущІэ.

♦Гъатхэпэм и 13-17-хэм Ялтэ (Украинэ) щекІуэкІынущ Украинэм и русистхэм я VIII дунейпсо форумыр.

♦И ныбжьыр ильэс 95-рэ ирокъу усакІэ, драматург, жылагъуэ лэжьакІуэ, Социалист Лэжьыгъэм и ЛІыхъужь, «Фитиль» киножурналыр кьызэзыгъэпэща икІи абы и редактор нэхъыщхьэ (1962), СССР-мрэ Урысеймрэ я Къэралгъимнэм я псальэхэр зытха, сабий литературэм и классик, Ленин саугъэтым и лауреат (1970), СССР-м и Къэрал саугъэтым и лауреат (1941, 1942, 1950, 1978) Михалков Сергей.

♦Ильэси 120-рэ и пэкІэ кьалъхуащ совет педагог, щІэпхьаджагъэм дихьэха сабийхэр гъуэгу тэмэм тегъэувэжьынымкІэ Іэщіагъэлэ цІэрыІуэ, тхакІэ Макаренкэ Антон (1888 - 1939).

♦1900 гъэм кьалъхуащ композитор, УФ-мрэ КЪБР-мрэ гъуэзджэхэмкІэ щыхь зиІэ я лэжьакІуэ Зейблер Трувор. 1968 гъэм лІащ.

♦**Дыгъэр кьыщІэкІащ сыхьэти 6-рэ дакьикьэ 23-м, кьухьэжьынущ сыхьэт 18-рэ дакьикьэ 11-м.**

♦**Махуэм и кІыхьагъщ сыхьэт 11-рэ дакьикьэ 48-рэ.**

Планэпэр зыгъэхьэзырар **ШАЛ Мухьэмэдщ.**

Лъэпкъ Іуэщыгъэ:

Дахэр пагэмэ, пуд мэхъу.

●Прохладнэ куей

Бжьыгъэхэм уагъэгуфІэ

Нэгъабэ Прохладнэ куейм кьыщалъхуащ сабий 1063-рэ. Абы кьегъэльагъэу социальнэ, экономикэ я лъэныкъуэкІэ ди республикэм зэхъуэкІыныгъэфІэхэр кьызэрыщыхъур, унагъуэхэм я псэукІэр зэрефІэкІуэжыр.

2007 гъэм дунейм кьытехьа сабийхэм ящыщу 505-р кьуажэхэм, 558-р кьалэм хуэзэ. Гуапэщ иужьрей ильэс зэкІэлъыкІуэхэм а бжьгъэм хэпщІыкІыу зэрыхэхъуэр.

Сымаджэщым сабийуэ къыщІанэри нэхъ мащІэ хуащ. Кьапщтэмэ, 2006 гъэм анэ 14-м я бныр щІамыльжамэ, нэгъабэ кьэзыгъэнар 4-щ.

ЩОМЫЩ Щамил.

● Сату

Шурдым Маринэ «Оазис» тыкуэным хэт Евросетым щолажьэ. А пщащэ цыкІур щэхуакІуэхэм гуапэу яІуощІэ, зыхуей хьэпшыпхэр кьыхахьныкмкІэ сыт щыгъуэи чэнджэщэгъу яхуохъу.

Сурэтыр **КЪАРЕЙ Элинэ** *трихащ.*

● Футбол

ЗэІущІэм сыхьэт 19-м щІедзэ

Ди командэм и унафэщІхэм я лъэІукІэ я гъэІэпэхъуащ гъатхэпэм и 15-м екІуэкІыну «Спартак-Налшык» - «Сатурн» зэІущІэм щыщІидзэну зэманыр.

АР СЫХЬЭТ 20-рэ дакьикьэ 30-м щІидзэну траухуати, джэгум епльэкъэ зэбгрыщьжыгъуэй зэрыхьунур кьалъытэри, зэІущІэр сыхьэт 19-м щІидзэну кьагъэІэпэхьауащ.

Абы щыгъуэми, стадионым и лъэкъАкІуэхэр мэльаІуэ щІыхуэр нэхъ пасэу кьекІуэлІэну. Щхьэусыгъуэр - топджэгум епльынугъэр иджы зэрырагъэхьэну щыкІэрщ. Нэхъапэм билетхэр кьэзыпщытэу щытар контролерхэрамэ, иджы турникетхэр ягъэуваци, а лэжьыгъэр абыхэм зэфІагъэкІынущ. Дауи, цыхуэхэр абы есэху, зыпэмыплъа ІуэхугъуэкуэдкьыкъуэкІынущ, стадионым ихьэнри кІыхьлІыхь хьунущ.

«Спартак-Налшыкымрэ» «Сатурнымрэ» я щІалэгъуалэ командэхэр гъатхэпэм и 14-м Нарткъалэ и «Химик» стадионым щызэдджэгуну. Абы сыхьэт 14-м щІидзэнущ.

ЖЫЛАСЭ Заур.

●ТхылъыщІэ

«Хэхэсхэм я бынхэр»



Адыгэ тхакІуэ, кинорежиссер, щІэныгъэлІ щІэрыІуэ, композитор Къандур Мухьэдин и Іэдакъэ кьыщІэкІащ роман, фильм хьэзэмэт кьэд. Абы Голливудым (США) щытриха фильмхэм саугъэт гъэпІэкъэр кьыхуагъэфащащ, и романхэр (щыщІутху мэхъу) бзэ зыбжанэкІэ зэдзэкІуэ къэрал куэдым кьыщыдэкІащ. ТхакІуэ гуащІафІэм и щІэр жьжьэ щагъэІуащ «Кавказ», «Революц» романхэм. «Кавказым» купщІэ хуэхъуар XIX лІэщыкъуэм адыгэхэм я псэукІамрэ ахэр зыхэта лъыгъажэ зауэм и тхыдэмрэщ; романыр урысыбзэкІэ Москва, адыгэбзэкІэ Налшык кьыщыдэкІащ.

ИДЖЫЛАГЪЭдунейм кьытехьащ Къандур Мухьэдин и «Революц» романым и ещанэ тхылъыр – «Хэхэсхэм я бынхэр». Ар Нью-Йорк инджылызыбзэкІэ щытрадзэри, щІэх дыдэ щІэрыІуэ хъуащ; Америкэм нэгъабэ кьыщыдзэкІауэ нэхъ щІэупщІэ зиІэ тхылъхэм ящыщщ.

«Хэхэсхэм я бынхэр» романым щыгъуазэ уещІ хамэ кьэралхэм щыпсэу адыгэхэм я дуней Іыхьэмрэ я Іуэху зытетымрэ, абыхэм зэгуэр яфІэкІуэда хэкужьым кьыхуаІэ гъагъуныгъэм, зэпыщІэныгъэхэм. Романым и гъабжьэр езы тхакІуэм и нэгу щІэкІахэмрэ и гукъэкІыжьхэмрэщ, абы ушрохьэлІэ хамэ кьэралхэм щыщІэрыІуэ адыгэ дзэпщ, дипломат, щІэныгъэлІ, жылагъуэ лэжьакІуэ куэдым я хьыбар гъэщІэгъуэнхэм.

КЪЭРМОКЪУЭ Хьэмид.

Къандур Мухьэдин теухуа тхыгъэхэм 2-3-нэ напэхэм фыкьыщеджэ.

● Юбилей

«Іуащхьэмахуэр» ягъэлъапІэ

«Іуащхьэмахуэ» литературнэ журналыр кьызэрыдэкІр» ильэс 50 зэрыркъур Шэрэдж куейм хьыхь Зэрэгъыж кьуажэм щагъэлъэпІащ.

ГУФІЭГЪУЭ зэІущІэр зращэкІа тхакІуэхэмрэ журналистхэмрэ щрагъэблагъэм, кьуажэдэсхэр кьапежащ махъсымэрэ щыгъупІастэкІэ. Кьуажэ унафэщІхэмрэ нэхъыжьхьэмрэ кьаБгъэдэкІыу пэкІум кьыщыпсэльахэщ жылагъуэ администрацэм и Іэтащхьэ Боэий Алексей, Сабан Хьэсэн, щыхуБзхэм я кьуажэ советым и унафэщІ Бозий Люсэ сымэ. Абыхэм кьыхагъэщащ дэтхэнэ зы адыгэ жылагъуэмкІи льэпкъ литературэмрэ тхыдэмрэ апхуэдизу зэман лъандэрэ хуэлажьэ кьыдэкІыгъуэм мыхьэнэщхуэ зэриІэр.

Апхуэдэу тепсэлъыхьащ кьуажэдэсхэм гукъинэж ящыхьуэ публицистикэ тхыгъэхэм, усэхэм, хьыбархэм. «Іуащхьэмахуэ» журналым и кьыдэгъэкІыным ильэс куэд лъандэрэ зи гуащІэ езыхьэлІэхэу абы и редактор нэхъыщхьэ ІутІык Борис, кьудамэм и унафэщІ Хьэпущы Муїэед, Къэбэрдей-Балъкъэрым и Тхакіуэхэм я союзым и Іэтащхьэм и кьуэдзэ Кхъуэлуфэ Хьэчим сымэ псалъэ ирата нэужь, Зэрэгъыж дэсхэр щыгъуазэ ящащ республикэм и литературэ гъаІащІэм нобэ щІэуэ кьыхьыхьахэм, тхакІуэ, усакІуэ ныбжьыщІэхэм я «Щыхуїагъуэ» литературэ Хасэм и лэжьыгъэм. Псом хуэмыдэу игу кьитэжьыжьырэ зытепсэлъыхьынрэ и гъунэжт Іутіык Борис. Ар Зэрэгъыж жылагъуэм кьыдэкІащи, ещІэж я лъахэмрэ абы щыпсэуа нэхъыжьхьэмрэ ятеухуа хьыбар гъэщІэгъуэнхэр икІи кьыхимыгъэщу кьэнакъым и творческэ гъуэгуанэм кьежьапІэ хуэхъуа гъащІэ едзыгъуэ гумыхужэр.

ХьэщІэхэм папщІэ кьэфащ, усэхэм кьеджащ Зэрэгъыж школакІуэ щыкІуэр. Мы Іуэхур дахэ хьуным псэмыхлІэжу елэжащ дыгэбзэмрэ литературэмкІэ езыгъажьэ псори, ауэ хэхауэ я щІэ кьиІуапхъэщ егъэджакІуэхэу Кьул ФатІимэрэ Шэрыіужь Іэсятрэ.

ЛЪОСТЭН Муэз.

Гу зылъытапхъэ

2008 гъатхэпэм и 22-м сыхьэт 12-м щыщІидзауэ 14 хьуху Урысейм и Федеральнэ Миграцэ Іуэхущ Іапі эм и комиссэм Налшык кьалэ, Нэгумэм и щэкІэ щыІэ уэрамым тет 64-нэ унэм КЪБР-м и щІыхуэр щрегъэблагъэ я тхьэусыхафэхэм, лъэІу тхыльхэмрэ кьыхалъхьэхэмрэ хэплъэн папщІэ.

Урысей ФМС-м и Управленэу КЪБР-м щыІэм и пресс-Іуэхущ Іапі эр.

Адыгэ тхакIуэ, кинорежиссер, продюсер, щIэныгъэлI цIэрыIуэ, композитор, хьэрычэтыщIэ Къандур Мухьэдин къызэралъхурэ илъэс 70 ирикъуащ

Ди фIэщ мэхъу

МУХЬЭДИН 1938 гъэм кьыщалъхуащ XIX лIэщIыгъуэм и кIэм Иорданием Iэпхьауауэ щыта къэбэрдей унагъуэм, и адэр КъуэкIыпIэ Благъэм щыщIэрыIуэ дзэпщ хахуэ, генерал-лейтенант Къандур Изэтщ.

Ильэс пщыкIубл ныбжьым иту, Мухьэдин Америкэм кIуэри, Ирлхэм колледжым щеджащ, нужькIэ Клермонт университетыр кьиуващ (экономикэмрэ дуней Iуэху зэхущытыкIэхэмкIэ къудамэр). Магистр, философие щIэныгъэкIэ я доктор хьуауэ, Къандурыр бизнес Iэхум ильэс зыбжанэкIэ хэтащ, Нью-Йорк, Лондон дэт компаниехэм щылэжьащ.

Хьщ1 гъэхэм я пэщIэдзэм Мухьэдин Нью-Йорк документальнэ фильм 20-м щIигъу щытрихащ. 1970 гъэм Нью-Йорк кьыщыдэкIащ Къандур Мухьэдин и япэ романыр - «Уафэм щызэрахьа хьуагъэщагъэ». Лос-Анджелес дэт «Уолд-пресс» тхылъ тедзапIэм 1971 гъэм кьыщыдэкIащ Мухьэдин и кьалэмыпэм кьыщIэжьа етIуанэ романыр. А Iэрытхэм щIэрыIуэ ирихьащ тхакIуэ щалэр, абыхэм я тиражыр мин 600-м щIигъуауэ щытащ.

Литературэмрэ киногъуазджэмрэ дахьэха нэужь, коммерцIэ Iуэхур Iэщыбэ ищIыжри, Мухьэдин Голливудым лэжьэн щыщIидзащ. Япэ щыкIэ ар режиссер цIэрыIуэхэм - Хьюстон Джонрэ Мэнн Гильбертрэ я дэIепыкьуэгъуу (ассистенту) лэжьащ, США-м и ТхакIуэхэм я союзми Кинематографистхэм я союзми хагъэхьа нэужь, дзыхь кьыхуащIри, и пщэ кьралъхьащ «Бонанзэ», «Маникс», «Эф-Би-Ай» сериал-хэмкIэ къэбгъэльагъуэ хьун телевизионнэ фильм зыбжанэ трихыну.

1972 гъэм «Уолт Диснеи» компаниемрагъэблагъащ зэфIэкIыкIхуэ зыдальэгъуэ адыгэ щIалэр. А Iу жуащIапIэм и лъэIукIэ Мухьэдин трихащ тхакIуэ цIэрыIуэ По Эдгар и гъащIэмрэ и псэукIамрэ теухуа фильм - ар щагъэльэгъауэ щытащ Каннхэм щекIуэкI кинофестивалым, абы щхьэкIэ Мухьэдин кьратащ приз льапIэ дыдэм ящIащ.

Голливудым Къандур Мухьэдин фильм гъэщIэгъуэн зыбжанэ щытрихащ: «Череки» (индей щIалэ цIыкIум и гъащIэм топсэлъыхь), «ЛIыукI ныбжьыщIэ» (зытеухуар Кипрыр зыхэт хьэлэбэлыкьырщ), «Пагуэ» (цыджанхэм я хэыбар), нэгъуэщIхэри. А фильмхэм я режиссерри, я сценариехэр зытхари, я продюсерри Къандур Мухьэдинщ.

Аурсэнтх хьупIэхэм, Къэбэрдей-Балъкъэрым ит шы завод-хэм Мухьэдин щытрихащ дуней псом щыцIэрыIуэ адыгэшым теухуа фильм, ар хохьэ Къандурым абы и пэкIэ трихауэ щыта «Шыхэмрэ лъэпкъхэмрэ» документальнэ серием.

Къандур Мухьэдин IэнатIэ хуэхьуар литературэмрэ киномрэ я закъуэкъым, абы и Iэдакьэ кьыщIэкIащ мафкъамэ, пшыналъэ зыбжанэ. Мухьэдин иткхыжауэ, «Полимакс» фирмэм (США) кьыщIэкIащ адыгэ къафэхэр, пшыналъэхэр зэрыт пластинкэ куэд: «Зыгъэпытэ», «Амман уэрэд», «Къафэ», «Кавказ къафэ», «Ислъэмей», «ЗэхуэкIуэ», «Дин», «Хьэжы-Мурат», «Удж», «ЛIыхьужь къафэ», нэгъуэщIхэри. Ахэр Мухьэдин щитхы-жар хамэ къэралхэм щыпсэу адыгэхэм я дежщ.

1995 гъэм Къандур Мухьэдин Урысей Федерацэм и ТхакIуэхэм я союзым хагъэхьащ. Мухьэдин «Шэрджэс фонд» жылагъуэ зэгурыIуэныгъэм и тхьэмадэщ, адыгэ тхакIуэхэм, гъуэзджэмрэ щэнхабзэмрэ я лэжьакIуэхэм зэрахуэпсэ ауплъэкIыпIэ дыдэм щыпсэу гъэтэ игъэуващ. Абы и саугъэтыр щытащ композитор ХьэIупэ Джабрэ-Iил, тхакIуэхэу Кlыщокъуэ Алим, IутIыкь Борис, Къуикьуэ Налбий, Бемырзэ Мухьэдин, МафIэдз Сэрэбий, щIэныгъэлIхэу Бэ-ныжь Лейлэ, БакIуу Хьанджэрий, уэрэджыIакIу эку Нэхей Тамарэ, Нэхущ Чэрим, Анзорыкъуэ Чеслав, сурэтыщI Црым Руслан, нэгъуэщIхэми.

Ноби Къандур Мухьэдин куэд хуэзэкIыкI. Абы симфоние, уэрэд дахэхэр етх. И романхэм я бжыгъэр 15 ирикъуащ, повесть зыбжанэ, хьыбар, усэхэр дунейм кьытехьащ.

Ди фIэщ мэхъу, Урыс-сеймрэ нэгъуэщI къэралхэмрэ ис адыгэхэм я зэпыщIэныгъэр нэхьри быдэ хьун папщIэ, Мухьэдин хуэзфIэкI псори зэриIэжьынур.

АРГЪЕИКЪУЭ Мусэбий.


Къандур Мухьэдин. *2003 гъэ*

***Адыгэхэр щопсэу къэрал тIощIым щIигъум. Абыхэм кьахэлащ щыхущхуэ куэд - дзэзешхэу, къэрал лэжьакIуэхэу, тхакIуэхэу, сурэтыщIхэу, иэгъуэщI Iуэхухэмкли щэрыуэ хъуакъу. Сэ зи гуэлу сщIыну Къандур Мухьэдин тхакIущ, режиссер Iэ3эш, продюсерщ, композиторщ, бизнесменщ, философемрэ адыгэ тхыдэмрэ къуэ ыдыжа щIэныгъэлIщ.*

Иорданием кьикIри Мухьэдин и адэжь хэкум къэкIуат мурадыфI иIэу - серищ хъуэу художественнэ фильм трихыну. Ар теухуауэ щытынут бырыс лъэпкъхэм насыпышагъэ кьахуэзыхьа Урыс-Кавказ зауэжьым - илъэсищым щыIуэкIэ екIуэкIам, адыгэ лъэпкъым и льапсэр нэщI зыщIам.

Пащтыхьымрэ абы и блыгуэщIэтхэмрэ Кавказым щрагъэкIуэкIа зауэр дунейр къызэрыхьурэ екIуэкIа зауэхэм я нэхъ шынагъуэхэм икIи гъуэмэхэм ящыщт: текIуар зытекIуам мытхькуЕ етхьжьуу къэнжьакьым - ижь.льандэрэ зыщIапсуа я щIынальэр цIыху мелуанхэм ирагъэбжьащ.

***Лъэхъэнщу екIуэкIащ истамбылакIуэр. Нужьырей дыдэм хурбыдэрэ, Джэлалхъстэнейр ябгынащ Мухьэдин и адзихухэм, абы я благъэхэм, я къуажэгъуэхэм. Ар гъуэгуанэ хьэлъэу, псэзэпылъхьэпIэу зэрыщытар Къандурым Iуэрыlуэтэжу зэхихауэ арами, зэрыщыкIу льандэрэ и гум кьеIэу псэуащ. Арагъэнщ кьалэмыр пасэу къэзыщта тхакIуэм адыгэ Iуэхур зэи Iэщlыб щIимыщIыр. Урыс-Кавказ зауэмрэ абы кьрикIуа истамбылакIуэмрэ ятеухуащ фильмым и сценарийр Мухьэдин кьызытрищIыкIыжа «Кавказ» романыр. Ар Iыхьыщ мэхъу: «ШIэнэ сэшхуэхэр», «Къэбэрдеим щыщ Къазбэч», «ЩIхуу зэращIылIа зэхуэрыIуэныгъэ». Зы унагъуэм, абы кьыпетщIыкIыжкахэм я псэукIамкIэ тхакIуэм ди пэжу кьыщIегъуэгъэжь лIэщIыкъуитIкIэ Кавказ лъэпкъэм кьакIуа гъуэгуанэр. Къандурым хуэзфIэкIащ ди пащхьэ къриплъхьэм гуэзэгъуэрэ пэнскIэ гъэнщIа лъэпкъ тхыдэ. Ар бзэ екIукIэ тхащ, удихьэхэу уоджэ.*

***Америкэм и Штат Зэгуэтхэм я кинотехынIэ цIэрыIуэ Голливудым илъэс зыбжанэкIэ щылэжьа а режиссерым и мурадыр къызрехьулIэнум шэч хэлъкъым. Фильмыр зэригъэпсыну щIыкIэм, абы пащтIэ лэжьныхьэу кьилыптхэм дыщIэупщIуэрэ, Мухьэдин зыкьитIэтащ - и псэукIам, кьигъэщIа гъащIэм кьытхутепсэлъыхьащ. АтIэ кинофильм зыбжанэкIи кьыпхуэмыгъэлъэгъуэм хуэдизщ абы езым кьыдекIуэкIаХэр, и нэгу щIэкIаХэр...*


Америкэ тхакIуэ цIэрыIуэ По Эдгар теухуа фильм трихыну егъэхьэзыр. *1972 гъэ*

Къандур Мухьэдин США-м езым и инструментальнэ оркестр 1968 гъэм кьыщызэригъэпэщащ.

МУХЬЭДИН и сабиигъуэр ЕтIуанэ дунейпсо зауэм ирихьэлIат. Абы и дзэрпэдзэжьыр Къандурыр щыпсэу щIыпIэми нэIуасэт. И адэр дзэм хэтти, дунейм кьыщыхьу-кьыщыщIэхэм щIалэ цIыкIур щыгъуазэу кьэхъурт. Езыр кьэщIэныгуу, гурыхуэу, куэдым гу льитэу набдзэгубдзапIэт. Зауэ нэужь ильэсхэр дунейм щIалэгъуалэу тетым зыкьыщащIэж, мамырыгъэмрэ хуитыныгъэмрэ щаIэт, щагъэлъапIэ, дуней еплъыкIэщIэхэр кьыщынэху льэхъэнэт. Псом хуэмыдэу Европэм щыинт щIалэгъуалэ зэщIэхъеенныгъэр, Азием, Африкэм, Америкэм кьикIа ныбжьыщIэхэр мин бжыгъэкIэрэ Прагэ, Берлин, Париж, Лондон, Рим, Мадрид, Женевэ щызэхуэзэрт, щызэрыщIыхурт - уэрэдхэр жаIэу, джэгушхуэхэр щащIу, уеблэмэ, ахэр плъагъунут кьисэхэжа унэхэр зэфIагъэувэжу, гъуэгу зэхэкъутахэр зэрагъэпэщыжу.

ГазетхэмкIэ, радиокIэ абыхэм щыгъуазэт Мухьэдин. И ныбжьыр илъэс пщыкIущыми иту езыми мурад ещI и нэкIэ а псори зригъэлъагъуну, дунейм щIыхухэр зэрыщыпсэур зригъэщIэну. Дауи, ар и адэ-анэм яутIыпщынутэкъым. Сыт-тIэ ищIэн хуейр? Iэджэрэ мэгупсысэ икIи кьегупсыс: кIуэсэнщ. Ауэ дауэ? И анэми игу химыгъэщIу, и щыпхьэхэри бэлыхь химыдзэу (и адэ Изэт дзэм кьулыкъу щищIэти, абы кьищIэххэнутэкьым) щхьэусыгъуэ ещI кьыдеджэхэм ящIыгъуу зыгъэпсэхугъуэ зэманым Сирием зыплъыхьакIуэ кIуэну. Ар зыми кьыпиубыдакьым, уеблэмэ и анэм доллар щэ ныкъуэ кьрет зэрыхуейуэ кьигъэсэбэпыну. Арати, ныбжьыщIэр гъуэгу тохьэ. Езы Мухьэдин ар мыпхуэдэу кьеIуэтэж:

- Хьэрыпхэм зэрыжаIэщи, си лъакъуэр лъэпластхъэрт зекIуэ ежьну. ЗыплъыхьакIуэ Сирием сыкIуэну сызэрауатIыщащ къэзгъэсэбэпащ. Ливаным и кьалащхьэ Бейрут и кхъухь тедзапIэм сыкьыщохутэ, алыдж кхъухь гуэрым сраГъэтIысхьэ. «Агамемнон» - арат кхъухьым зэреджэр, иджыри къэс сощIэж и лъэгур стхьащIу, аХъши сIамыхьыу, уэлэхьи, зызмыгъэIейуэ, абыкIэ Медитораниэ (ЩIыкурытых - *Хь.М.*) хьшхъуэм сыщосым. ХьдзэIхэри кьысхуэзарэзыщи, лIы хуэдэ сахэтщ: садошхэ, мыIейуэ Iэпэтэрмэшкли дызэгурэIуэ. Псом хуэмыдэу си гуапэ хьэр «Уээтти-усыттти, уэдэкIуэти-укьыздакIыжти» жаIэу кьыззэрызэмыупщIырт - Тхьэм ещIэ, зеиншэ гуэру сыкьалъытами...

Ауэрэ дынос Венецием. Италием а и щIыпIэ дахащэрси нэгум кьыщIоувэтаурыхьхэм щаIуатэ щIыналъэ телъыджэм хуэдэу. Нэхь гущIэгъуэныкьыр абы ныбжьыщIэхэм зэрыщагъахьэрт - я фэкIи кьызыкьэIа лъэпкъкIи зэмыщхьхэр Iэпэзэрыlыгъыу джэгухэу, уэрэд зэдыжаIэу, лэжьыгъэ гуэрхэр зэдащIэу уарихьэлIэрт. Сахэтащ абыхэм махуэ зыбжанэкIэ. Ауэ сэ Венецием зыщысIэжьакъым. Европэр ФIыуэ сцIыхурт картэкIэ, къэспIыкьыну си гуращэт къэрал зыбжанэ. МыдэкIэ бзэхэми саухуэкIэткъым - франджызыбзэ, инджылызыбзэ, хьэрыпыбзэ жьпIэми дагъэджырти, абыхэмкIэ мыIейуэ сыпсэльэфырт...

АдэкIэ Мухьэдин Германием, Франджым макIуэ, абыхэм йокIри, Инджылызым кхъухькIэ щотIысыкI, Шотландием кьыщохутэ. ГъэщIэгъэнкъэ, зэрызекIуэн щхьэкIэ ар зыщIыпIи щыгъуэрэткъым. Зауэ нэужьым Европэм хабзэ щыхъуат, гъуэгум утету уи Iэпхъуамбэшхэр бгъэпIиямэ, машинэхэр кьэувыIэу, пщIэншэуи ушэу. Ар гущIэгъуэм кьыхахьырт. Зауэм, дауи, Iэджэ кьулейсыз ищIагъэнт. ЦIыхухэр нэхъ зэхуэгумащIэт, хьэзаб къом я нэгу щIэкIам нэхъ гу щабэ ищIахэт.

Нэхь кьыдэкIуэтея нэужьи Мухьэдини абы куэдрэ егупсысырт: «Сыт лъыгъакIэ зауэрэ нэщIэбжьэрэ щIыщIэн хуейр, щIыхухэр нэхь гумащIэ, зэригъэужьу нэгъу хьун пащIэ?! Дунейр щымамырым, гъащIэр щытыншым дже щIыхухэм нэхъ зыгъэпIуадз, ахэр нэхъ гущIэгъунщэ мэхъу. ЩхьэхуещIэным кьыхокI щIыхур и щхьэ закъуэ-и лъакъуитIу дунейм кьытеонэныр. А закъуэныгъэм и бампIэм дапхуэдиз икIуэдыкIыр - хэти зиукIыжу, хэти афиянафэ хьууэ? А уз бзаджэм дунейр дауэ кьегъэла хьуну? Сыт щIапхъэ? Сыт лэжьыпхъэ? Сыт хуэдэ хабзэ, нэмыс щIэблэр кьызыщIэгъэтэджэн хуейр? А гупсысэхэр кьахощ Къандурым и язныкьуэу тхыгъэхэм, и кинофильмхэм, музыкэлэжьыгъэхэм.

Апхуэдэу щыныбжьыщIэм ильэгъуаэхэмрэ нобэ и нэгу щIэкIаХэмрэ кьыхэтэджкI ЦIыхубэмрэ цIыхумрэ кьызэрызэхущIэкIэн хуейм теухуа гупсысэ куэхэр.

ИДЖЫДгъэзэжьнщ Мухьэдин гуапэу игу кьинэжа яп1 зекIуэм. Ти, ар нос Шотландием. Кущ1 щаIат и анэм кьрита ахъшэр ныбжьыщIэм зэриухрэ. ЩымэжаIи кхъхьурт, и щIыгьынхэри, щылгэжьыкIыным нэсауэ, хьыбийт. Эдинбургри щIалэгъуалэм щахуоз9. Ауэ ахэр, Венецием зыщрихьэлIа- хэм хуэдэу, зыкъраХыу хэпатэкьым, нэхьыбэм лэжьакIуэ щыгъынт ящыгъыр.

КьызэрыщIэкIымкIэ, нэмыщ кхъухьльатэхэм бомбэ куэд щрадзыхат мы кьалэм. Унэ ныкъуэкъутэхэр, кьутэпахэр куэдт. Америкэм, Швецием, Голландием, нэгъуэщI щIыпIэхэм кьикIа щIалэгъуалэм ахэр зэфIагъэувэжьырт. УхуакIуэхэм яхохьэ Къандурыр, мазэм щIигъукIи ядолажьэ.

Махуэм лэжьаХэм, «дезэшащ» жамыIэу, зыкьатхьэщIырт, щыгъын кьабзэкIэ зыкьыхуэпэжьыри, щыхьэщхьэкIэ паркхэм, клубхэм зэIущIэшхуэхэр щрагъэкIуэкIырт. Язныкьуэхэр щрикъум е театрым кIуэрт. ЗыгъэпсэхуГъуэ махуэхэр кьигъэсэбэпурэ, Мухьэдин муЗейхэм щыIащ, чэщанжьхэмрэ члисэхэмрэ зригъэлъэгъуащ, Скотт Вальтер и лIыхьужьхэм «я хэщIапIэу» щыта щIыпIэхэр зригъэщIыхуащ. Абы илъэгъуа псори фIэгъэщIэгъуэнт икIи фIэщIэщыгъуэт. Аущ зэгуэрым паркым здыкIуэцIрыкIым и нэIуасэ хьэрыпмакъамэм хуабжьу игъэпейтеящ. И гур ину кьеуэу ар пIащIэу хуэкIуэрт музыкэ дахэр кьыздиукI щIыпIэм...

- НтIэ, - пещэ Къандурым, - сыкIуэмсыжэурэ макъамэр кьыздиукIым сынокри, си нэр кьихуу сыкьыззэтоувыIэ. Сольагъу Иорданием и ныпыр, ар хуарзэу кьащхьэщыту зауэлI гуп оркестрым йоуэри паркыкум итщ. ТэлайкIэ сабгъэдыкьэфакьым си псэр зыхуекьу си хэкуэтъухэм, апхуэдизкIэ сыЗнэкунти. Сытми, си гур кьохьэж, кьару кьыскхохьэжри, сабгъэдохьэ. «Сыт фщIэр, мыбы щхьэ фыщыIэ?» - соупщI. Езыхэми: «Уэ уэхт, Шотландием щхьэ укъэкIуа?» - ягъэщIагъуэ. ЖьэоIэ: «Сэ сы-Мухьэдинщ, Къандур Изэт срикъуэщ». Си адэр дзэм генералу хэтти, занщIэу сыкьащIыхуащ.

- Зэ догуэт, дэ адыгэ гуэр кьытхэтщ, - жаIэри, ШурдымАхьмэд кьашэ.

Ахьмэдрэ сэрэ дызэбгъэдэсащ а махуэм. Ауэрэ си екьэжьыгъуэри кьэсащ. ЕджакIуэхэм ди зыгъэпсэхугъуэр иухырт. Дыщылэжьам тшхын кьыщыдат щхьэкIэ, ахьшэ кьыдатыртэкьым. Хуабжьу гугъу сехьащ кьэзгъэзэжьыну гъуэгу сыкьыщытехьэжам. Франджым сыкьыщысам зы хъурыщэ сиIэжтэкьым... Иорданием и лIыкIуэм деж сокIуэ. ЩIыхьэпIэр зыхьэумэхэм сыкьагъэувыIэ: «Сыт узыхуейр?» - жаIэри. «Ахьшэ», - язотыж жэуап. Ней-нейуэ кьызэопхъэр, сызэрагутъар Алыхьым ещIэ... Сытми, консулым деж сыщIагъэхьэ. Ар Хьэвжокъуэ Издинт. Ауэ Iэбжьауэ кьызоупщI: «Уа, мыбы дауэ укъыщыхута?» - жери. ХузоIуатэ кьызэрыскIуэхьар, сызДэщыIаХэр. Езым егъэщIагъуэ. Сэри сыукIытащ ахьшэ зэрызухар жесIэну. «Ахьшэ сфIэкIуэдащ», - щIы хузоупс.

- Уэлэхьи уэстынмэ. Дапщэ узыхуейр?

- Доллар щэ ныкъуэ кьызэт. Сри-къунщ, - жызоIэ. - МарселкIэ сыкIуэнур зэрыгъэпсэхугъуэ. Псом хуэмыдэу си гуапэ хьэр «Уээтти-усыттти, уэдэкIуэти-укьыздакIыжти» жаIэу кьызэрызэмыупщIырт - Тхьэм ещIэ, зеиншэ гуэру сыкьалъытами...

Ауэрэ дынос Венецием. Италием а и щIыпIэ дахащэрси нэгум кьыщIоувэтаурыхьхэм щаIуатэ щIыналъэ телъыджэм хуэдэу. Нэхь гущIэгъуэныкьыр абы ныбжьыщIэхэм зэрыщагъахьэрт - я фэкIи кьызыкьэIа лъэпкъкIи зэмыщхьхэр Iэпэзэрыlыгъыу джэгухэу, уэрэд зэдыжаIэу, лэжьыгъэ гуэрхэр зэдащIэу уарихьэлIэрт. Сахэтащ абыхэм махуэ зыбжанэкIэ. Ауэ сэ Венецием зыщысIэжьакъым. Европэр ФIыуэ сцIыхурт картэкIэ, къэспIыкьыну си гуращэт къэрал зыбжанэ. МыдэкIэ бзэхэми саухуэкIэткъым - франджызыбзэ, инджылызыбзэ, хьэрыпыбзэ жьпIэми дагъэджырти, абыхэмкIэ мыIейуэ сыпсэльэфырт...

АдэкIэ Мухьэдин Германием, Франджым макIуэ, абыхэм йокIри, Инджылызым кхъухькIэ щотIысыкI, Шотландием кьыщохутэ. ГъэщIэгъэнкъэ, зэрызекIуэн щхьэкIэ ар зыщIыпIи щыгъуэрэткъым. Зауэ нэужьым Европэм хабзэ щыхъуат, гъуэгум утету уи Iэпхъуамбэшхэр бгъэпIиямэ, машинэхэр кьэувыIэу, пщIэншэуи ушэу. Ар гущIэгъуэм кьыхахьырт. Зауэм, дауи, Iэджэ кьулейсыз ищIагъэнт. ЦIыхухэр нэхъ зэхуэгумащIэт, хьэзаб къом я нэгу щIэкIам нэхъ гу щабэ ищIахэт.

Нэхь кьыдэкIуэтея нэужьи Мухьэдини абы куэдрэ егупсысырт: «Сыт лъыгъакIэ зауэрэ нэщIэбжьэрэ щIыщIэн хуейр, щIыхухэр нэхь гумащIэ, зэригъэужьу нэгъу хьун пащIэ?! Дунейр щымамырым, гъащIэр щытыншым дже щIыхухэм нэхъ зыгъэпIуадз, ахэр нэхъ гущIэгъунщэ мэхъу. ЩхьэхуещIэным кьыхокI щIыхур и щхьэ закъуэ-и лъакъуитIу дунейм кьытеонэныр. А закъуэныгъэм и бампIэм дапхуэдиз икIуэдыкIыр - хэти зиукIыжу, хэти афиянафэ хьууэ? А уз бзаджэм дунейр дауэ кьегъэла хьуну? Сыт щIапхъэ? Сыт лэжьыпхъэ? Сыт хуэдэ хабзэ, нэмыс щIэблэр кьызыщIэгъэтэджэн хуейр? А гупсысэхэр кьахощ Къандурым и язныкьуэу тхыгъэхэм, и кинофильмхэм, музыкэлэжьыгъэхэм.

Апхуэдэу щыныбжьыщIэм ильэгъуаэхэмрэ нобэ и нэгу щIэкIаХэмрэ кьыхэтэджкI ЦIыхубэмрэ цIыхумрэ кьызэрызэхущIэкIэн хуейм теухуа гупсысэ куэхэр.

ИДЖЫДгъэзэжьнщ Мухьэдин гуапэу игу кьинэжа яп1 зекIуэм. Ти, ар нос Шотландием. Кущ1 щаIат и анэм кьрита ахьшэр ныбжьыщIэм зэриухрэ. ЩымэжаIи кхъхьурт, и щIыгьынхэри, щылгэжьыкIыным нэсауэ, хьыбийт. Эдинбургри щIалэгъуалэм щахуоз9. Ауэ ахэр, Венецием зыщрихьэлIа- хэм хуэдэу, зыкъраХыу хэпатэкьым, нэхьыбэм лэжьакIуэ щыгъынт ящыгъыр.

КьызэрыщIэкIымкIэ, нэмыщ кхъухьльатэхэм бомбэ куэд щрадзыхат мы кьалэм. Унэ ныкъуэкъутэхэр, кьутэпахэр куэдт. Америкэм, Швецием, Голландием, нэгъуэщI щIыпIэхэм кьикIа щIалэгъуалэм ахэр зэфIагъэувэжьырт. УхуакIуэхэм яхохьэ Къандурыр, мазэм щIигъукIи ядолажьэ.

Махуэм лэжьаХэм, «дезэшащ» жамыIэу, зыкьатхьэщIырт, щыгъын кьабзэкIэ зыкьыхуэпэжьыри, щыхьэщхьэкIэ паркхэм, клубхэм зэIущIэшхуэхэр щрагъэкIуэкIырт. Язныкьуэхэр щрикъум е театрым кIуэрт. Зыгъэпсэхугъуэ махуэхэр кьигъэсэбэпурэ, Мухьэдин муЗейхэм щыIащ, чэщанжьхэмрэ члисэхэмрэ зригъэлъэгъуащ, Скотт Вальтер и лIыхьужьхэм «я хэщIапIэу» щыта щIыпIэхэр зригъэщIыхуащ. Абы илъэгъуа псори фIэгъэщIэгъуэнт икIи фIэщIэщыгъуэт. Аущ зэгуэрым паркым здыкIуэцIрыкIым и нэIуасэ хьэрыпмакъамэм хуабжьу игъэпейтеящ. И гур ину кьеуэу ар пIащIэу хуэкIуэрт музыкэ дахэр кьыздиукI щIыпIэм...

- НтIэ, - пещэ Къандурым, - сыкIуэмсыжэурэ макъамэр кьыздиукIым сынокри, си нэр кьихуу сыкьыззэтоувыIэ. Сольагъу Иорданием и ныпыр, ар хуарзэу кьащхьэщыту зауэлI гуп оркестрым йоуэри паркыкум итщ. ТэлайкIэ сабгъэдыкьэфакьым си псэр зыхуекьу си хэкуэтъухэм, апхуэдизкIэ сыЗнэкунти. Сытми, си гур кьохьэж, кьару кьыскхохьэжри, сабгъэдохьэ. «Сыт фщIэр, мыбы щхьэ фыщыIэ?» - соупщI. Езыхэми: «Уэ уэхт, Шотландием щхьэ укъэкIуа?» - ягъэщIагъуэ. ЖьэоIэ: «Сэ сы-Мухьэдинщ, Къандур Изэт срикъуэщ». Си адэр дзэм генералу хэтти, занщIэу сыкьащIыхуащ.

- Зэ догуэт, дэ адыгэ гуэр кьытхэтщ, - жаIэри, ШурдымАхьмэд кьашэ.

Ахьмэдрэ сэрэ дызэбгъэдэсащ а махуэм. Ауэрэ си екьэжьыгъуэри кьэсащ. ЕджакIуэхэм ди зыгъэпсэхугъуэр иухырт. Дыщылэжьам тшхын кьыщыдат щхьэкIэ, ахьшэ кьыдатыртэкьым. Хуабжьу гугъу сехьащ кьэзгъэзэжьыну гъуэгу сыкьыщытехьэжам. Франджым сыкьыщысам зы хъурыщэ сиIэжтэкьым... Иорданием и лIыкIуэм деж сокIуэ. ЩIыхьэпIэр зыхьэумэхэм сыкьагъэувыIэ: «Сыт узыхуейр?» - жаIэри. «Ахьшэ», - язотыж жэуап. Ней-нейуэ кьызоупщIхэр, сызэрагутъар Алыхьым ещIэ... Сытми, консулым деж сыщIагъэхьэ. Ар Хьэвжокъуэ Издинт. Ауэ Iэбжьауэ кьызоупщI: «Уа, мыбы дауэ укъыщыхута?» - жери. ХузоIуатэ кьызэрыскIуэхьар, сызДэщыIаХэр. Езым егъэщIагъуэ. Сэри сыукIытащ ахьшэ зэрызухар жесIэну. «Ахьшэ сфIэкIуэдащ», - щIы хузоупс.

- Уэлэхьи уэстынмэ. Дапщэ узыхуейр?

- Доллар щэ ныкъуэ кьызэт. Сри-


Режиссер Мойер Рей и гъусэу Голливудыр кьызэкIухь. *1971 гъэ*

кьигъэгупсысэну, кьигъэхьуэпсэну.


Хьэрып лъэпкъ зэщIэхъеенныгъэм теухуа художественнэ фильм Голливудым щытрех. *1974 гъэ*

70

ЛъэпкъылI адыгэхэр зэшэлIэжьыным, и зы джылъ зэIуещэ,

Къандур Мухьэдин
зэпэгъунэгъу щIыжыным и зы лъэмыж еухуэ

Очерк

МУХЬЭДИН ильэс пщыкIублым ипту и адэ-анэм хуит ящIащ Америкэм и Штат Зэгуэтхэм кIуэуэ и щIэныгъэм щыхигъэхъуэну. Индианэ штатым абы къыщиухащ колледжри университетри. А еджанIэхэр кьиухыху, жьпIэ хъунщ, адыгэ щIалэм и щхьэр ипIыжауэ. «Мыр здэдгъэкIуам хьэулей щыхъунщ, щыкIынщю», - жиIэрти, и адэр кьыз эрыдгъэпыкъу щыIэтэкъым. «Ахьшэм щысхьу аратэкъым, - игу кьегъэкIыж Къандурым. - Си ныбжьым итгуэрхэр Америкэм е Европэм еджэну кIуамэ, я нэгу зрагъэужьуэ щыудафэ щыIэт, еджэни ямыIуэхужу. Арат си адэр зыгъэсакьыр.

Еджэныр и кIэм нэзгъэблэгъауэ зэгуэрым хьыбар кьысIэрохьэ си адэр кьаKIуэу. Университетым и щыхьэт тхылъыр кьыщызатыжкIэ екIуэкIыну гуфIэгъуэм хэтынут... Си гуапэ хьуащ».

Мухьэдин «Ягуар» машинэм ису макIуэ кхъухьлъатэм темыпыIэжу попльэ. ИкIи куэд дэмыкIыу ар кьыз эрыгIысамкIэ хъыбар кьоIу. Кхъухьлъатэм кьикIхэр нэкIэ егъэхъу... «Мес! Мес! Мес!» - адэр кьилъэгъуауэ и гур кьигуфIыкIауэ псынщIэу пожьэ, щIэпхъэуэну ерагъкIэ зиIыгъщ: адэм ар кьызэрыщыхьуи Тхъэм ещIэ, щIалэ щIыкIуфэ хъриплъынщ, «иджыри балигъ мыхъуа щIалэжькIэ» кьещынщ...

Лыхьужь дамыгъэхэм и бгъэр кьаKъутэу генерал фащэкIэ хуэпа адыгэлI бжьыфIэр уардэу адрейхэм кьахощ. И зекIуэкIэ кьудеймкIэ нэрылъагъущ зэрылIыткIийр, зэрызаузлIыр.

ГукIэ зэхуеIэми я кIуэкIэкIэ ар ямыгъэнаIуэу, километр ныкъуэ зи кIыхьагъыну гъэзэуанэр мыпащIэу якIу. А дахькикъэ зыбжанэм Мухьэдин и нэгум кьыщIоувэ, и акьылым нос куэд щIауэ кьыгурымыIуэ зы Iэхъугъуэ... И адэр апхуэдизу щIыху гъэсауэ, хабзэщIэкъуу, ери мэIущащэ кьэгумэщIауэ, и къуэр и IэпIэм ирикъзауэ. Зэуи кьызыпыIуегъэкIуэт, ар имыгуапэ хуэдэ: «Мыр сыт - фызитI зэхуэза хуэдэ... Дегъауи дызэхуэгъагъ иджы. НакIуэ»...

ЖьэпшыпхэР кьыIахьыху зэадзэзэкьуам а зэпIэзэрыту зэрызэпсэльам хуэдэу, Iэджи зэхуаIуэтащ: унагъуэ Iуэху, Мухьэдин и анэм, щыпхьуэхэмрэ благъэхэмрэ я узынщагъэ, я IуэхущIафэ...

ИужькIэ и адэр Мухьэдин кьоупщI: «Такси уис?»

Дунейм щынэхь дахэ икIи щынэхъ лъапIэхэм ящыщ «Ягуар» инджылIэ машинэм и бжэр Мухьэдин зэIуех: «НитIыслхъэ, ди адэ». И адэр ирегъэтIысхьэри, езыри рулым йотIысылIэж. Машинэм «лъэрытемыту» зреч, ар кIуэуэ пщIэнкъым, хьэуам щесу фIэкIа. Иэзт дзыхьмыщIу и кьуэм хуоплъэкI, ауэ абы Iэзэу зэрегъакIуэ машинэр. И зегъэкIуэкIэм тегуэвыхьыкьркьым, ауэ и кьэм йоупщI:

- Хэт мыр хьэхуу кьызэIыпхар?

- Хьэхуу жьпIа? ДыздэкIуэм дынэсмэ, зыгуэрхэр уэзгъэлъагъунщ.

ГъущI гъуэгу кьуэвыIэпIэм и гъэтIылъыпIэ, илъхьэпIэ щIыпIэхэр сэрей лъагэкIэ кьещIэкIащ. Ауэ абы кьыдопIиикI хьэпIэ кьызэрагъэтхэр, щIэлъхьэпIэ унащхьэхэр. ГъущI куэбжэшхэр гъэбыдат, ауэ «Ягуарым» зэкIэлъитгъэпIащIэу зыбжанэрэ сринэр щигъэкIийм, бжэхэр зэлъыIукIащ. Ар зэIуэлъхьэ-зэхуэзыщIыж лэжьакIуэми, абджыпсунэ щыкIум щIэсым, гуфIэжу Iэ кьищIырт, Мухьэдин сэлам кьрихьиу. «Ягуарыр» кьазэрыувыIэу, Мухьэдин кьикIыну хунэса кьудейуэ, лэжьакIуэ зыбжанэм абы кьыхуауэнэтIащ. Кьаухъуреихьауэ фIэхьус кьыжраIэ, дыхьэшхэхэрэ, зыгуэрхэр кьыхуаIуатэ. Зимыгъэгувэу абыхэм сэлам ярехьж, езыри йотIысхьэж машинэм.

ГъущI гъуэгу кьуэвыIэпIэр кьабгына и ныбжьыкIэ ящIащ. Ар зэIуэлъхьэзэхуэщIыж лэжьакIуэми, абджыпсунэ щыкIум щIэсым, гуфIэжу Iэ кьищIырт, Мухьэдин сэлам кьрихьиу. «Ягуарыр» кьазэрыувыIэу, Мухьэдин кьикIыну хунэса кьудейуэ, лэжьакIуэ зыбжанэм абы кьыхуауэнэтIащ. Кьаухъуреихьауэ фIэхьус кьыжраIэ, дыхьэшхэхэрэ, зыгуэрхэр кьыхуаIуатэ. Зимыгъэгувэу абыхэм сэлам ярехьж, езыри йотIысхьэж машинэм.

ГъущI гъуэгу кьуэвыIэпIэр кьабгына и ныбжьыкIэ ящIащ. Ар зэIуэлъхьэзэхуэщIыж лэжьакIуэми, абджыпсунэ щыкIум щIэсым, гуфIэжу Iэ кьищIырт, Мухьэдин сэлам кьрихьиу. «Ягуарыр» кьазэрыувыIэу, Мухьэдин кьикIыну хунэса кьудейуэ, лэжьакIуэ зыбжанэм абы кьыхуауэнэтIащ. Кьаухъуреихьауэ фIэхьус кьыжраIэ, дыхьэшхэхэрэ, зыгуэрхэр кьыхуаIуатэ. Зимыгъэгувэу абыхэм сэлам ярехьж, езыри йотIысхьэж машинэм.

ГъущI гъуэгу кьуэвыIэпIэр кьабгына

«ЩIэпхъэм щыкIуэда» фильмыр трех. *2004 гъэ*

и щIыхьыр и фейдэ зыпылъым и пэ иригъэувэфу щIыщытыр.

Жьжьэ кьыщожьэ а хьэлыр, ткIиягъыр - Кавказ къурш щхьэхуэхэм я бгъэщIхэм. Зи Хэкур зыбгынэ щIыху минхэм я зэщIэгъуагэр кьоувэ и тхьэкIуэмэм... И адэ Иэзткъым, езыракъым, и адэшхуэмрэ абы и лъэхъэнэгъуэхэмрэт а гущIыхьэ псори зи нэгу щIэкIар. ЕкIуэлIапIэнэщэу кхъухьым кьыщракIуэтыкIам щхьэж зыхэтыр и щхьэ зэригъэпсэунт, и унагъуэр гъаблэм кьыз эрыгъэльынт. Тыркур анэпIэсым хуэдэ ти, и нэхьыбэм КъужьыпIэ ГъунэгъумкIэ ящэнт...

«Псэун, зымыгъэлIэн, ужьызыхьха лъэпкъым дзыхь зыхуегъэщIын, зы мащIи и куэда зыкьыщIэмыгъэхуэн, езы хьэрыпхэм зыщагъэпсэхуэм дежи лэжьэн... Я нэфI, я нэфI, я нэфI зыщыгъэхуэн»...

Аращ и адэрэ дзэм хэмыхьэу щIэмыхьуар, псэемыблэжьуи абы щIыхэтари - и унагъуэр игъэпсэун, и щIыхьыр ихьумэжьифын, зыгуэрым и унэIут мыхъуи щхьэкIэщ.

А псор тэлай кIэщI дыдэкIэ зыгъэва, зыхэзыща, кьызыгурыIуа щIалэм нэпсыр кьеIащ и нэм. ЕрагъкIэ зиIыгъщ кьыщимыдыну. Гъунэгъубзэ кьэхъащ и адэри... ЗыхуЗыгъыжажьым - зричащ, зипхьэтащ, зидзащ...

- Хьунщ, хьунщ... Ини ухъуан, - и адэ-



Голливудым щолажь. Кинорежиссер щIэрыIуэ Манн Гильберт щыгъущ. *1971 гъэ*

нэуэкь, и адэм зыхуэщыIэжакъым: «Сыт а псор зищIысыр? Уэ а къуэвыIэпIэм урипнафэщIу ара? А щIыху кьомым апхуэдизу пщIэ щхьэ кьыпхуащIрэ?»

- Сэ, ди адэ, ахэм садэлажьэ кьудейуэ араш...

- Йи?.. Еджэныр-щэ?

Мухьэдин абы щыгъуэщ и адэм щыхуиIуэтар Iуэхум и пэжыпIэр: зэрещж хуэдэу ар махуэ кьэс станцым сыхьэтищ щолажьэ. Араш и адэ-анэм емыльэIу и щхьэр щIыхуэпIыжар... Мы машинэ бгыльыри хьэхуу кьыщтакъым, и ахьыжкIэ кьыщэхуажащ, кьилъэжьам кьыхэжьIу.

- Абы нужькIэщ си адэм кьыщыгурыIуар лIы сызэрыхъуар, - погуфIыкI Мухьэдин. ГукъэкIыжхэм кьагъэнэщхьыфIауэ, ар нэжэгужщ. И нэкIур нэхъри лъагъуэуафIэ хъуащ, и нэхэр мэлыд. - Абы лъандэрэ - нейзэман, илъэс Iэджэ дэкIащ. Ауэ зэи сщыгъупщэжьркьым си адэ лIы пхъашэм си щхьэфэм Iэ кьыдильащ «Кавказ» фильмыр адыгэ Хэжьжьым щытесхыну щыжесIам...

НтIэ, Иорданием и дзэм и штаб нэхьыщхьэм и Iэтащхьэ кьуныкъур кьрихьэлIат си адэм. 1992 гъэм ар дунейм ехьжащ. Иорданием щыIэ адыгэхэм я нэхъыжьыфIхэр зэхуэхри мыбы сыкъаразгъэжьащ, гъэзугаиэ зеальэу кьызжаIащ: «Iуэхуфl, Iуэху дахэ епхьэжьащи, тхьэм хуущIитъхьэ. УкьызыхэкIа лъэпкъым укьыхуэщхьэпэным нэхъыфI зыри щыIэкъым. Ди хэкуэгухэми кьуэш фIэхъус тхуехьж... Уи адэм и цIэр зэи умыгъэудыIи».

ТэлайкIэ дыщысщ си ныбжьэгъу МухьэдинрэпсэуI, гупсысэм даIыгъыу. ТIури дызэгупсысыр, дауи, гьащIэм и фIыпIэр кьызэрытхуигъэзарщ, иджы нэгъуэщI кьэралхэмрэ Урысеймрэ щыпсэуэхэр дызэкIэлыкIуэ, дызэздэлажьэ мэхьу. Илъэс тIощI и пэкIэ нэгъуэщIуэ зэрыщытар. АтIэ мы зызыхъужь зэманым сыт кьахудэкIуэну зи гъащIэр хьэзаб хэмыкIыу зыхь адыгэхэм?

- ФIы кьахуэдэкIуамэ арат, - кьыжьэдэкIащ Къандурым.

Абы сэ «хъущт» жиIэу сеплъащ, ауэ ар си гум кьыпсэлъыкIат.

ИДЖЫ къэтIуэтэжьнщ Индианэ штатым зэадзэзкьуэр щызэхуэза ныжь ящIа унафэр. Иэзт и къуэм нэхъри арэзы хуэхъуащ щIалэм и фIыцIэ еджапIэм зэрыщыIур, фIы дыдэу ниверситетыр кьызэриухар кьишIа нэужь.

- ДяпэкIи еджэным пысщэнут, ди адэ, - щыжиIэм, ар Иэзт и гуапэу кьыдиIыгъащ.

Къандур Мухьэдин и щIэныгъэм щыхигъэхъуащ Калифорние штатым щыIэ Клермонт университетым. Абы кьуэуп щедж экономикэмрэ тхьдэмрэ. И доктор диссертацэри треухуэ «Кавказ Ищхьэрэм щекIуэкIа щхьэхэт зауэр кьызэрыхьеикIа щхьэусыгъуэмрэ абы и философиемрэ» Iуэхугъуэм.

«ЩIэныгъэхэм я доктор» щIэр кьыфIащауэ Къандурым еджапIэр кьеуэ. Япэзэманым ар хохьэ сату Iуэхум. Арат и адэ-анэр зыхуезэр.

Дисней Уолт и гупым Мухьэдин ирегъэблагъэ тхакIуэшхуэ По Эдгар и гьащIэм теухуауэ фильм трихыну. А гупыр кинорежиссерым и гум кьипсэлъыкIами ярейт. По Эдгар и тхыгъэхэр абы фIыуэ итьагъэрт зэрыщIыкIу льандэрэ. «А тхакIуэр апхуэдизу щхьэ дихьэхрэт Iуэху шынагъуэхэм?» - а гупысым Къандурыр куэдрэ игъэпIейтейрт... По Эдгар Iуэху шынагъуэ зэхэзэрыхьам тетхыхь щIэхьуам и щхьэусыгъуэр кьэхутэным, По зи щIыху дIуэжьыгъуэ щытар кьэгъэльэгъуэным теухуауэ абы фильмыр егъэпс. Дауи, тхакIуэр кьыкьыкIа, зэрыпсэ-а, кьэзыкуэурейхьу щыта щIыхуэхэр зыхуэдар, нэгъуэщIу жьпIэмэ, тхьылъеджэхэр зыщымыгъуазэ куэд зрегъащIэ. А псор зэхелъхьэж, гукIэ зэрегъэзахуэ, итIанэ фильмыр техын щIедзэ.

«По Эдгар и щIыхьхэр» фильмыр сыхьэтрэ ныкьуэкIэ йокIуэкI. А зэманым ди нэгум кьыщIоувэ делэщым щIэт По Эдгаррэ абы и ныбжьэгъумрэ ялъагъу теплъэгъуэ щынагъэуэр. Уи щхьэфэцым зыкъиIэту уоплъ фильмым кьыщыхьухэм.

Езы Къандур Мухьэдин зэрыжиIэмкIэ, мы дызэплъыр тхакIуэшхуэм и гьащIэр «зыгъэбгъунльа», и тхэкIэр езыгъэхьэжа кьэхъугъащ.

ЗэфIэкI зиIэ кинолэжьакIуэм, тхакIуэм и щIэр фIыкIэ Европэми щыIат. Абы и щыхьэтщ Франджым и телевидением и нэгу ящ каналым лъэIыкI зыкьыхуэгъаззу Къандурым щым теухуауэ фильм пщыкIуплI зэрытрихар.

А лъэхъэнэм дуней псор Мухьэдин кьызэхихIухьауэ жьпIэ хьунущ. Фильмхэр щигъэхьэзырым, щытрихым ар щыIащ Америкэм, Инджылызым, Германием, СССР-м, Кипрым, Индонезием, нэгъуэщI кьэралIэджэмэ. Абыхэм щытриха кадрхэм кьыщыгъэлъэгъуащ шым и тхыдэр, щIыхум кьигъэсэбэп зэрыхьэр-э а псэущхьэ дахэм и фэм икIар, зэрызиужьащ, шы лъэпкъыфI къэгъэхъуныр щIыпIэ зэмылIэужьыгъуэхэм зэрыщекIуэкIар икIи иджыри зэрыщекIуэкIыр, нэгъуэщI Iуэхугъуэ куэди...

АтIэ а псор зэбгъэхьулIэфын папщIэ Iэзэу кино тепхыныр мащIэт, шы зехуэным фIыуэ хэпщIыкIыу, Iэщ IагъэлI нэсу ущытыни хуейт.

- Абы и лъэныкъуэкIи а лэжьыгъэм сыхуэгъэзащ, - жеIэ Мухьэдин. - Сызэрысабийрэ сэ шыр фIыуэ солъагъу. Дэтхэнэ адыгэми хуэдэу, шы зехьэкIэми, шы тесыкIэми сыхуэщIат. Ди унагъуэми шы фермэ зыбжанэ иIэщ. КIэщIу жьпIэмэ, си нэ къызыхуикI лэжьыгъэт франджыхэр кьыщIызэлъэIуар икIи сыплъэщца хуэдэщ абы, сыту жьпIэмэ, щытхъ яIащ а фильмхэм. Нэхъ си гуапэ хьуар сыт жьпIэмэ, адыгэшри къэзгъэлъэгъуэну хуит сызэрыхьуар арат. Я Къэбэрдей-Балъкъэр телевиденэм и режиссер Iэзэ Вэрокъуэ Владимир. Ар сщIыгъуэ икIи и чэнджэщ хэдгъуэ адыгэшым тесхащ лентIэ метр мин бжыгъэ.

Къандурыр мэзабир, зыгуэрхэр гуэгIэзэахуэу гъэлайкIэ щысщ. И нэгум кьощ а зэгупсысым зэригъэпIейтейр. Сыту пIэр? ар апхуэдизу хэзыгъапльэр? АбыкIэ езым зыкьеумысыж: «Къыхсхуэгъэгъуэ, сэ Iуэху гуэр зыкьыщIэсщIытым деж гупсысапIэу сиIэр аращ. «Кавказ» фильмыр зы дакьикъи си гум схуигъэхурхьым. ЯпэкIи зэрыжьысIащи, адыгэ тхьдэм и напэкIуэцI нэхъ шынагъуэ дыдэр, зэманышхуэкIэ укьуэдияуэ, щIэблищым я гъащIэмкIэ кьэдгъэлъэгъуэну ди гуращэщ. Ар тыншу зэфIэкIын Iэхъукъым».

Зыгуэрым нужь ихьамэ, ерыщу ар и кIэм нэзыгъэсыф Iыхьущ Къандурыр. Мы зи яужь ихьари гува-щIэхами кьызэрехьулIат си гум хэлъкъым.

МУХЬЭДИН и гъащIэм и зы Iыхьэфым дэ дзкIыри и гугъу тщIакъым. Ар бизнесым зэрыхэтарщ, иджырэ зэрыхэтарщ. Зыми имыIуэхуэ тхьдэщIакIуэу ящIэ и илъагъу литературэмрэ киногъуэзджэмрэ зэрыхуейуэ хэлъжьыкъым папщIэ ар кьызыхуэтынщэу псэун хуейт. Араш хьэрычэт Iуэхум щIыхэтар, мыльку фIи щиугъуеяр.

Зы зэман Америкэм и Штат Зэгуэтхэм абы ахъшэфI къщицлэжьащ компание зэмылIужьыгъуэхэм экономикэмкIэ я чэнджэщэгъуэу лажьэрэ. Зы зэман яхэтащ КъужьыпIэ Гъунэгъуэм и щIыдагъэр кьыщIэшыным, щэным и Iуэхум хэуныкIахэм. Дуней псом щыщIэрыIуэ Гренадэм, Испанием и щIыналъэ нэхъ дахэ дыдэм, и хы Iуфэм зыгъэпсэхупIэ унэхэр щызыыхуахэми яхэтащ. Ноби абы и мылъку хэльщ Иорданием, Инджылызым, Франджым, Испанием, Урысеймрэ щыIэ бизнес зыщI компание зыбжанэм. Бизнес Iуэхур еунэтI Мухьэдин и кIуэ нэхьыжь Инали.

Ауэ Мухьэдин и нэр мылькум кьыщхьэрихьуакъым, ялыныкъуэ мелуаныры бжэхэм хуэдэу, нэпсеягъэм икъуэзакъым и гур. Абы псом япэ ирегъэщ щIыхуэгъэр, адыгагъэр, лъэпкъ Iуэхур. «А псори Iэщ Iыб пщIымэ, сыт мылькум и мыхьэнэжьыр?» - жеIэ Къандурым. Адыгэ псалъэжьри, и адэм куэдрэ жиIэу зэхихар, кьыжьэдолъэт: «Мылькур уэсэпсщ, напэр щIэинщ»...

И унагъуэми ильщ адыгагъэр, нэмысыр, и бынхэми адыгэбзэр ящIэ. Ильэс тIощIрэ блым ит и кьуэ Мурат Амман щолажьэ, абы и щыпхьу Наташэ университетым щоджэ. Бэлагъы Любэрэ Мухьэдинрэ я кьуэхэу Казбекрэ Алимрэ школым щIэсхэщ. Сыт Мухьэдин и бынхэм зэрахухьуапсэр? Кавказыр зыщамыгъэгъупщэну, адыгэ лъэпкъым и сэбэп зэрахуэфу къэхьуну аращ.

Адыгэхэр зэшэлIэжьыным, зэпэгъунэгъу щIыжыным и зы джыль езыми зэIуещэ, и зы лъэмыж еухуэ. КъэкIуэну зэманыр ди лъэпкъым хуэдаэ, хуэIэфI хъуным теухуа нэгъуэщI зы Iуэхушхуи Къандурым еублэ. Абы кьызэригъэпэщынущ адыгэ тхыдэм, щэнхабзэм ятеухуауэ нэгъуэщI къэралхэм щыIэ архивхэм хэль тхыгъэхэр, нэгъуэщI къэралхэм кьыщыдэкIа романхэр, повесткэр адыгэбзэр урысыбзэкIэ ди республикэм кьыщыдэгъэкIыжыныр. А Iуэхум кьришэлIэнущ дунейм и щIыпIэ Iэджэм щыпсэу адыгэ тхыдэтххэр, бзэмрэ хабзэмрэ елэжь щIэныгъэлIэхэр, тхакIуэхэр, усакIуэхэр...

А псорн зэхуэхьесыжа хьуа нэужь, нэхъ тхыгъэфIхэр тхылъ щхьэхуэрэ кьыдэгъэкI хъунущ, инджылызыбзэкIи, франджыбзэкIи, ди английскIи. «ИтIанэщ дунейпсо щэнхабзэм адыгэ лъэпкъым и Iыхьэ хилъхьауэ кьэпльытэ щыхьынур, - жеIэ Къандурым. - ИтIанэщ зыгуэрым и пащхьэ уиту щыгушхуэ хъунур «Сэ сыадыгэщ» жьпIэу».

- АтIэ дызэрыгушхуэ хьун щIыхушхуэ мащIэ кьытхэкIа дэ, - пещэ Мухьэдин и псалъэм, - мес, кьафщтэ Темыркъан Юрэ. Абы сыт хуэдиз щIэ щиIэ Америкэми, Европэми, Азиеми, Австралиеми. Сэ сытым хуэдэу си щхьэр ину сльагъужат Лондон нэкIуауэ абы сыщыхуэзам щыгъуэ. Ар зэрыхъуар мыращ: ди щхьэкIэ дыззрымыщIыхуми, щIэкIэ дыззрыщIэрт Юрэрэ сэрэ. Лондон дэт си унэм зэгуэрым зыгуэр нопсальэ «Совет лIыкIуэм и дежь дынопсэлъыкI, Къандур Мухьэдин дыхуейтэ, - жаIэри. «Сэращ Мухьэдиныр, - яэотыж жэуап. - Сыт фIыхуейт?» «Мыдэ зыгуэрым уедгъэпсэлъэнущ», - жаIэ. Абы хэту телефоным къоIукI адыгэбзэ кьабзэ: «Мухьэдину си къуэшыфI, дауэ ущыт?» Си гур хуиту зэIуихат адыгэ макъым, ауэ хэтми сцIыхуакъым... ИтIанэ кьыжкIащ зэрыЮрэр. «Дэнэ ущыIэ? Иджыпсту дыдэ машинэ нызогъакIуэри укьызогъашэ», - жызоIэ сыгуфIэщауэ...

Езым пщыхьэщхьэм концерт зэриIэр щхьэусыгъуэ кьысхуещI. СокIуэ и концертым. ЦIыху хэIэтыкIат абы еплъэр - пащтыхь унагъуэр, лордхэр, лIыкIуэщхуэхэр, къэралуэ унафэщIхэр. Абы и ужькIэ Iэнэри кьаухуэ. Инджылызым и цIыху пажэхэм, нэгъуэщI къэралуэ щыщ дипломатхэм яIэт, ягъэлъапIэ ди Юрэр. Дэ Iэнэм дыпэрыс щхьэкIэ, хьуэхъуэхри, жаIэ фIыщIэхэри зэхэтхыркъым, адыгэбзэм дыхуэзэщауэ дроуэршэр. АтIэ абдеж кьыдбгъэдэхэм урысыбзэ зыщIэ кьэди яхэтт... Зыми кьыхуэщIэртэкъым дызэрыпсалъэ бзэр. Яхуэмышэчыжу кьыдэупщIащ: «Сытыбзэ а фызэрыпсалъэр?» - жари. ЯжетIащ: «Адыгэбзэщ»... ЯгъущIагъуэ. Псоми Юрэ урысут зэрагуГъэр.

Темыркъаныр а гуп дыгъэлым «кьахэздыгъукIри», жэщ псом дызэгъусащ Iэджэ зэхуэтIуатэу. Абы щыгуфIэми си гум кьеIат: «ЕI, бетэмал, сыту Iейуу дыкIуэдрэ адыгэр. Ди цIэкIэ, ди щхьэкIэ дыхагъэзэрыхь дызыхэс лъэпкъэм. Тыркум ис ди цIыхухуэхэр тыркуу яльытэ, хьэрыл къэралхэм щыпсэухэр - хьэрыпу, Урысейм хэтхэр - урысу, Америкэм кьыщIыжэпхьахэр - американу... Еу-уей, еу-уей...».

А жэщми сэ гукъэкI сщIат «Ди адыгэхэр зэришэлIэжьну, зы лъэпкъыу зэщIигъэуIуэжьну зыгуэр щIэн хуейщ», - жьсIэри.

ИужькIэ, Къэбэрдейм зэ-тIэу сыкьаеIуэри, кьызгурыIуащ а Iуэхум и ублэкIэ хъунур япэ щыкIыр щэнхабзэ зэпыщIэныгъэхэрауэ зэрыщытыр...

СЭ ШЭЧ кьытесхьэркьым си ныбжьэгъуфI Къандур Мухьэдин и зэфIэкIым дяпэкIи зэрыхэхъуэнум. ЯсыхэкIа лъэпкъым хуиIэ мурадыфIхэр зригъэхъулIэн папщIэ лъэкI кьызэримыгъэнэум. Абы и щыхьэтщ «Кавказ» тхылъыр, «Балкан тхыдэр», «Революцэ», «Хэхэсхэм я бынхэр» романхэр, нэгъуэщI зыбжанэ дунейм кьызэрытехьар, Къандурым и музыкэ лэжьыгъэхэр Москва дэт консерваторием, Амман, Токио, Лондон, Нью-Йорк зэрыщагъэзэщIар.

ХЬЭФIЫЦIЭ Мухьэмэд.

Темыркъан Юрэ и гъуэсу. *Налшык къ., 1998 гъэ*

Иорданием и Армэм и Генеральнэ штабым и унафэщI генерал-лейтенант Къандур Иэзт Ираным и шахиншах Мухьэмэд Реза Пехлеви и хьэщIэщ. *Сурэтыр 1965 гъэм трахащ.*

Иорданием еблэгъащ Кавказ Ищхьэрэм щыщ республикэхэм - Къэбэрдей-Балкъэрым, Адыгеим, Ингушым - я президентхэр, Къандур щохьэщIэ Къандурэ я унагъуэм. *ИжьымкIэ кьыщыщIэдзауэ:* **Къанокьуэ Арсен, ТхьэкIушынэ Аслъэндэрий, Мухьэдин и щхьэгъуэ Бэлагъы Любэ, Зызиков Мурат сымэ.**

Сурэтыр 2007 гъэм мазаем и 8-м трахащ.

Тхыдэр кууэ ещIэ

ДИ ТХАКIУЭ куэдым хабзэ яхуэхъуауэ, я тхыгъэхэр япэ щIыкIэ хамэ къэралхэм кьыщыдагъэкI, ди деж щытрадзэн я щхьэ трамыльхьэу. Апхуэдэ хьэл хэльхьым Къандур Мухьэдин. Ар езыр кьэбэрдей адыгэщ, кьыщальхуари зыщыпсэури Иорданиерщ, ауэ и тхыгъэхэр нэхьапэ щытридзэр и льэпкъэгъуэм я хэкурщ - инджылызыбзэкIэ итхар урысыбзэкIэ, адыгэбзэкIэ зэдзэкIауэ.

«Кавказ» романыр итхын и пэ абы и лъахэмрэ и льэпкъэгъуэмрэ я тхыдэр кууэ иджащ. Тхылъищ мэзыр романыр, ар тхакIуэм и льэпкъэгъуэхэм ящыщ зы унагъуэм и щIэблэ зыбжанэм я тхыдэщ. Кавказым икIа адыгэ хьэжьрэтхэм я щIэблэщ Къандур Мухьэдин, аращ абы итхыр уи фIэщ щIэхъури ущытемыщашэри.

«Литературная газета», 1993 гъэ.

УзыIэпишэу укъоджэ

АБЫ И РОМАНЫМ и пэм кьыщыщIэдзауэ и кIэм нэс узыIэпишэ защIэурэ укъоджэ, ущеджэкIэ плъагъу хуэдэщ тхьэмыщкIагъэ Iэджэ зи нэгу щIэкIа бгырыс унагъуэм и дунейр, унгу ящIогъу хэкуэкъутэм хэчта бгырыс насыпыншхэм, гурэ псэкIэ урателъхьащ абыхэм. Хьэзабым хадзами, лей кьатехьами, ахэр цIыху лъэщщ, псэ кьабзэщ, зи хэкуэмрэ зи хуитыныгъэмрэ зыхъумэ бэнакIуэ хахуэжщ - апхуэдэ защIэщ Къандур Мухьэдин зи хьыбар кьытхуиIуатэ и лъэпкъэгъуэхэр. СыткIи уатхьэжьу абыхэм, цIыхугъэм, лъагъуныгъэм, фIыгъуэ лэжьыным хуураджэ.

«Правда» газет, 1994 гъэ.

Пэжыр щIиуфэркъым

ЯХЭКУР зрагъэбгьынауэ щыта къэбэрдей хьэжрэтхэм я щIэблэ Къандур Мухьэдин и романым щыгъуазэ дыщыхуохьу абы и лъэпкъым и тхыдэм. Романым и лъабжьэр куущ, тхыдэм и пэжыпIэкIэ гъэнщIащ, и дэтхэнэ напэкIуэцIри гукъинэщ, адыгэжэмрэ Урысеймрэ яку кьихьауэ щыта Кавказ зауэм и пэжыпIэр щIиуфэркъым.

«Правда» газет, 1994 гъэ.

ЦIыхугъэ яделъагъу

КЪАНДУР Мухьэдин и лъэпкъымрэ и адэжьхэр зэрыкIа хэкумрэ яхунIэ лъагъуныгъэр зэрыкуур щызыхьибощIэ «Кавказ» романым. Зы лъэпкъи игъэнкIэркъым тхакIуэм, зы бгырыс лъэпкъыр адрей лъэпкъым нэхъ рэ нэхъ хиIэтыкIыркъым - псорн и зэхуэдэщ тхакIуэм, псоми цIыхугъэ лъагэ яделъагъу.

«Труд», 1998 гъэ

Хэкум къэзышэж лъагъуэ

КЪАНДУР Мухьэдин Урысей Федерацэм и ТхакIуэхэм я союзым хагъэхьащ. Хамэ къэралхэм ис ди хэкуэгъуэхэм кьахэкIауэ, зи тхыгъэ купщIафIэхэмкIэ щыпIэ куэдым кьыщацIыху а лIы щыпкъэм ар кьилъэжьащ и IуэхущIафэхэмкIэ, и тхыгъэхэмкIэ.

Къандурым адыгэхэм я тхыгъэ кууэ иджащ, и тхыгъэхэмкIэ, и тхылъ гъэзэджэхэмкIэ дунейпсо утыку ихьащ, лъэпкъ хабзэ дахэр, нэмысыр, лIыгъэр, цIыхугъэр къэралуэ щыпкъэ науэ ящищIащ. Адэжьхэм я хэкум къэзышэж лъагъуэр япэу хэзышащэм ящыщщ Къандур Мухьэдин и адэ Иэзт-пащэ. Абы и уэсятыр игъэащIэурэ, тхакIуэ, кинорежиссер щIэрыIуэм нэхъ гьунэгъу захуещI хамэщ щыпсэу адыгэхэмрэ Кьэбэрдей-Балъкъэрым и цIыхухэмрэ.

КХЪУЭЩIУФЭ Хьэчим. *2003 гъэ*

Эпиграммэр
IУПЫЖ Борис итхащ

❀ ❀ ❀

ЦIыху кинокIэ дыщогугъ

АдыгэлIыр, нобэ мыхъумэ,
Голливудым щащIыхуакъым.
Ахэм нэсрэ, пагэ мыхъуу,
Мы зым фIэкIи дыхуэзакъым.
Лым я лIыжу къыщIэкIащи,
КIэ имыIэу дехъуэхъунщ...
Шы кинокIэ зыдгъэнщIащи,
ЦIыху кино дыщыгугъынщ.

❀ ❀ ❀

Сурэтыр **КЪУЭЩЫСОКЪУЭ Владимир** *ищIащ.*

Экономикэ | Политикэ

Махуэку

Кавказ Ищхъэрэ | Жылагъуэ Іуэху

● Куржы

Ижь къарухэм Саакашвили тракъуэз

Саакашвили Михаил и дежкІэ гугъуу щытыныщ къэкІуэну махуэхэр. ТхьэмахуэмахуэІ блэкІам къэралым и парламентым и гупэм щызэхуэсам щыкуу мин 25-рэ. Оппозициям и Іэтащхьэ зыбжанэм жаІащ зэрызагъэмэжаІэнур.

ЕТІУАНЭ махуэм абыхэм ягухьащу "Ижь къарухэм ящыщу щІэуэ къызэрагъэкІам хэтхьэ.

Парламентым и депутату 9-м зыщагъэбыдащ спикер Бурджанадзе Нино и пэшым и щыхьэпІэм. Руставели и проспектым кьыщыхутащ ящэ пщыІэ щыкІыр. ЗыкъзэпІатэхэм кьагъэуэ президент хэхыныгъэхэр етІуанэу егъэкІуэкІын, захуагъэ зыхъэль парламент хэхыныгъэ щхьэхуІтхэр щыІэныр кьызэрэщІэнэщым, политикэ щхьэусыгъуэкІэ ягъэтІысам псори кьаутІыпщыкьым хуейуэ.

Гъатхэпэм и 9-м Саакашвили Михаил Іубилси и члисэхуэхэм ящыщ зым езым и гІтьхъэхэми нокьуэкьуэгъуэм елъэІущ кьызуагъэІуну. Арщхьэкіэ нужьыпІхэм абы гущІэгъу хуащІыну фэ ятеткъым. УнафэщІ партым щыщхэм я дамэжр драшей: сыт зыхуейр? Политикэ щхьэусыгъуэкІэ ягъэтІысакъэм ящыщ гуэрхэри хуит кьащІыжащ, хэхыныгъэ мардэр процент 5-кІэ ягъэмэщІащ. Рикъункъэ ар?

Ауэ оппозицэм кьигъэува Іуэху 20-м щыщу нэхъыбэр тхьалъэмпІэм кьинэжащ. Хэбгъэзыхьмэ, унафэщІ партыр епщыкащ езым кьызэрирегъуфакъэм ікІи абы зэфІигъэувэжащ партым щымыщу кандидатхэр зэрыхах хабзэжыр. Апхуэдизу щытыкІэр зэщІигъэпІащ ОБСЕ-м и кІэлъапІэ кьуэхэм ящІа счетыем. Абы кьызэрыщІыгъэтъгуачмкІэ, президент хэхыныгъэхэр щекІуэкІа хэхьпІэ участкэхэм я процент 25-м Іэ Іей щІыгъуу", процент 35-м ахэр зы захуагъэ гуэрхэм хэтыу кьыщыбжаежьым. Москва Абхазыбэм экономикэ блокадэр щІыщхьиныбэм теухуауэ кьыщта унафэм Саакашвили тКІийуэ зэрыпІэмыджэжам оппозициэр игъэгубжьыпащ.

Абы кьыхэсІыу кьагъэувэжэр нэхъыбэжьхэ хуащ. Иджы оппозицэ зэгухьам кьегъэуВ президент хэхыныгъэхэр щІэрыщІэу ирагъэкІуэкІыну, апхуэдизу Куржыр СНГ-м хэкІыну, мамырыгъэр зытезыІыгъэ урысей къарухэр кьэралым ирашыжьну икІи абхьаХэмрэ осетинхэмрэ епсэлъэн щІадзэну.

Арщхьэкіэ президентым и ныкъуэкьуэхэри езыхэри зэгурыІуэркьым. Оппозицэ зэгуэтым хэкІыжа республиканхэм кьалэныгъэ зэрыдзагъэмэжаІэри етІуанэ хэхыныгъэхэр егъэкІуэкІын хуейуэ кьызэрагъэувэри "политикэ и Іъэныкъуэкіэ къемызэгъыу". Лейбористхэр нэгъэщІыгъуэ Іуэхум бгъэдохэ. Абыхэм жаІэ «Абхазыр Куржым хыхьажьын папщІэ фІэкІыпІэ имыІэу Саакашвили и кьуныкъуэм текІыни» хуейуэ.

- Властыр щыдхэм ящыщыкьуа. Щыдхэм кьагурыІуэ Іэмалкіэ ябгъэдыхьэн хуейщ. Сыхьэт хэдэ дыкъэзыгъапцІэхэм уепсэлъэным зыри кьинкьырыжьм. Мы властыр Урысейм ия Кьуэпсэлъэн фІэнащ. Абы кьызэтригъэувыІащ НАТО-м хьхьэным и Іуэху, Кьуэкьым и кІэлъапІэ еп-сэлъэхэхэрщ. Зыми епсалъэрэхьм, езыхэр зэпсэлъэж фІэкІа, - жиІащ оппозицэм и унафэщІхэм икІи зызыгъэмэжаІэхэм щыщ Мелашвили Ираклий.

Блыщхьэ махуэм Бурджанадзе парламентым и бюром и зэгуІэгъэ ирагъэкІуэкІыни хуей хъуащ пэкІуэ хэтхэм я "Фытекі! Фытекі!" кІий макъ зэрыгъэпІам щІэту. Президент Саакашвили щыналъхэр кьызэкІуэхащ, лъэпкыр зэкъуэувэным кьыхуриджэу. Аргуэру куэдкІэ кьыгъэгугъащ, Абхазым яхэпщ... пхъэхъэщыщІэхэр ихуэну кьызэригъэгъари.

НАШВИЛИ Александр.
Тбилиси

*Мы махуэхэм куэд топсэльыхь ЩІэныгъэхэмкІэ Урысей Академием и еджагъэшхуэ гупым РАН-м Экономикэмкіэ и институтым и Іэтащхьэ Гринберг Руслан и унафэм щІэту игъэхьэзыра экономикэ докладым. ІэщіагъэлІэхэм шэч кьытрахьэ иужь ильэси 8-м ди къэралым щрагъэкІуэкІа экономикэ политикэм и тэмэмагъэм. Урысей экономикэр кьызэрыгуэкІыу зэтеухуащ икІи абы зихьэужырыкъым. Псом хуэмыдуэ ар щынэрылъагъущ цІыхухэм я псокІэм. Иужьрейр кІуэ пэтми кьэхьэщІэр зэхэзылъхьаэм кьыхураджэ «экономикэ зыужьныныгъэр» апхуэдизу ямыгъэвуэ, щыхьэхэм я псукІэр егъэфІэкІуэным, абыхэм ящІэлыкъуным яужь ихьэну. Абыхэм жаІэхэм ещІэлъэкІэ хъуну? СыткІэ ущыгугъ хъуну щІэуэ зэхунэхуа унафэщІым? А ущІэхэми нэгъуэщІхэми жуаоп ирет Гринберг Руслан.

- Фэ фи докладыр щІэрыІуэ зыщІар Путиным иригъэкІуэкІа экономикэ политикэр мыхъумыщІэу кьызэрыфІыьытам и закъуэкьым - абы щыубзыхуащ Медведев Дмитрий хэхыныгъэхэм я пэкІэ игъэзэщІыну къызэригъэгугъахэм хуабжьу кьащІэкьщІыну лэжьыпхъэу кьэфІныытэхэр. А докладым кьыпэзгъэжьнур хэт?

- Сэ зэрысщІэмкІэ, Медведев Дмитрий Іуэхум щыгъуазэщ, абы Іэрыхьащ докладыр. Ауэ аракъым нэхъапэр. ЩІэныгъэм пыщІа хуэдизм, сэ си лажьэгъуэхэм нэхъыщІэхэу кьалытэр дэ кьыхэтхьэхэр зыхуэдэр унафэ кьэзыщІэ хъуакьущІэхэм я деж нэгъэсынырщ. Еджагъэшхуэр, лэжьапхъэхэр зыубзыхуэхэр щыІэщ. АтІэ, сыт Медведевыр е Путиныр фІэкІыпІэ имыІэу дэ ди Іуэху епльыкІэхэм кьытехьэн щІыхуейр? Псалъэм и хьэрыкІэ, Гайдар, Чубайс, Азуан сымэ я дежкІэ загъазэ хъунущ.

- Сложь, фызэныкъуэкъуэ ара?

- Ямэраусу, цІыхур уи гупысэкІэм тепщэным ущІэбэнным кьикІыркьым уэзныкьуэкъуу. ЗэпэщІэтыфынчр политикэ кІадгъуэрщ, партхэрщ - зы программэхэр зиІэжьхэщ. Партхэм ящІэрыІуэ политикэмэ экономикэмэ хамышщыкІмэ ихьну цІыхухэрщ. Абыхэм либералхэм хуащІа дзыхьыр иужьрейхэм ямыгъэпэжмэ, къыкІэпІыкІуэ зэхэныгъэхэм нэгъуэщІ партым и тельхьэхэу Іэ ялэт хьунущ - псалъэм и хьэтыркІэ, социал-демократхэм папщІэ. Ауэ абыхэми инфлиэр ирамыдыдыкІрамэ, пенсэ Іуэхур яхуэзэфІамыгъэувмэ - аргуэру яхьуэж зи лъэныкъуэ хьур. Дзыхь зыхуащІа партыр власт тым пэрохь, экономистхэм я Іуэху епльыкІэхэр щІэгъэ- кьуэн ІэщІри. Сэ, жьеІэнщи, апхуэдэ экономистхэм сащыщщ.

Апхуэдэ щыкІэкІэщ нэхъ экономикэ политикэ тэмэм дыдэр кьызэрыхьахьр. Абы и фІыгъкІэ, псэуныгъэм экономикэри зэхъуэкІа щІэныгъэ зэрыщІэрагъэпэщащ. Абы и фІыгъэкІэ, кьыщыхъуакьым 1998 гъэм дэ кьытущыщІам ещхь гуэри.

- Иужьрей президент хэхыныгъэхэр зэрекІуэкІам урагъэгупсыс ди деж политикэ зэныкъуэкъуэ гуэри щымыІэжкъуэ.

- Ар пэжщ. Сэ езыр сыкъапщтэмэ, сигу ирохь Медведев Дмитрий. Арщхьэкіэ хьэрхуэгъэгъу зэрымыІар си жагъуэ мэхъу. Дэ дыкьатъэсобэп хуэдэщ. Ар къэралым и деж кІэ щІагъэжьым - ар зыхуейр, щІэныгъэшхуэ бгъэдалъми, псоми, абыхэм ежьагъэшхуэхэри яхэту, зыздгъатъжьхуей диктаторкъым. ЗыкІи сыхуейкьым си докладыр, иужькІэ Іэрыхьэжьым сыщыгугъыу, президентым и шоферым и щыкъу адзм ектыну - къэралэ Іэтащхьэм Іэрыхьэным, ар кьеджэным сыщыгугъыу.

- Бгъуэт Іэнэм политикэ зэныкъуэкъуэ щыІащ. Ауэ ахэр программэ убзыхуэ зиІэ политикэ къарухэу щытт?

- Ди жагъуэ зэрыхъунщи, бгъуэт Іэнэм я пэщІэдзэм щІэныгъэлІэхэм зэхалъхьэтэкъым екІуэжІыну зэхъуэжІыныгъэхэр, Іэмал зэриІэкІэ, цІыхухэм нэхъ кьаззэрытемыхьэлъэну Іуэхуэр. Кьэтэнщи, ди къэралри абы хуэныкъуащтэкъым. Псори ди лъхьэхат либерализмэ щыІэн. ПщыльпІэм уикІыу щхьэхуитныныгъэм псынщІу ущыхуэкІуэкІэ, дыдэм хуэдэ хуэхъу. ЩІыкІэбэм и фІэщ хъуащ «коммунистэкІэ ирахужьэмэ», псори зыгъэзыгъу зэфІэувэну. Мис апхуэдэ гупсысэрщ Ельцинрэ абы и гупымрэ я экономикэ политикэм и пъабжьэу увар. Абыхэм я гугъэт ухуэн хуэй социализмэм и пІэкІэ «езыр-езыру зэфІэувэну» капитализмэм гъуэгу иратмэ, псори зыхуэей хуэзэну, псоми ди гъэщІэр «дыгъэпс хьуну». Аратэ, Іуэхухэр зэхэзэрыхьащ. ТелкІуар нэхъ лъэщ дыдэрщ - олигархэ капитализмэрщ. Ар зэрыхъэжІащ номенклатурэ капитализмэм. Ар тІури бедзжьыщу жыІагъуэм я бийщ: нэхъапэми хуэдэу, ди цІыхухэм я Іыхьэ щанитІым зэпымыІуэ кьалыхьуэ зыхьэнсэчкІэн. Адрей Іыхьэ щанэр тхъэжу мэпсэу, кьулейм, уегупсыс зэрыхьэлъункІэ, уеблэмэ кьулей дыдэхэщ. Ахэр ди цІыхуу щымытыжу, нэгъуэщІ къэралпаспортхэр зиІэуи кьыщІэкІынкІэ хъунущ.

- Урысейхэр сыт щыгъуи щІохьэулъэ, «унафэщІ ткІийм». Абы и гъабжьэр сыт?

-«УнафэщІ ткІийм», «къэралыбдзэм» щІэхьэуэпсу хуежьащ Урысейр щетІысхьауэ щыта 90 гъэхэм я ужькІэ. Ауэ «къэралыбдзэ» хуейр, абы тепсэльыкьэрэ, Урысейм и мылъкур зыпльэсахэрщ. ЦІыхубэр куэд щІауэ зыми щыгугъыжьырыкъым икІи зыми пэплъэрыкьым. Псом хуэмыдэу ар зэгуэзыгъэпэр «реформэ», «демократиэ», «щхьэхуитныныгъэ» псалъэхэрщ. Аращ СССР-р пльэпльэжа иужь, къыщыщІа нэхъ насыпнышагъэ дыдэщ. ЦІыхум езым и щхьэм фІэкІа зыри кьыхуІэлуэжужькъым. СэрэцІыкІу зэныгъэшхуэ зыбгъэдэлъ кьулей, хьэфІэкІ им зиІэ хьэрыкэтэщІэ лэжьакІуэ ныбжьыщІэ зыкъом.

Ахэр хъэзыщІ зэгъусэу «Спартакым» кьыдэщІэн папщІэ Мартсель пльэтеку и щэкІэм и мурадкІэ Африкэм зыкъыщыщІрагъэдзыну. Абыхэм я цІыхугъэ зэхэщІыкІым ущыгугъ хьунущкъым.

- НэгъуэщІу жыпІэмэ, цІыхухэм кьыхэзыгъэгъахэм я гугъу щІэнри папщІэ, Медведевыр реформэхэм кьалыкІын хуейщ.

- Сыт, хуэдэ реформэхэм иджыри? Псоми щІэ зыкъом жыІэ щІэмыт, захуагъэм тету лажьэ судхэр щыІэн, биорократ аппаратыр гъэмэщІэн зэрыхуейр. А псори бедзжьыщ икІи ежьэмэщ. Ауэ я фІыгъуэрщ. Иджыпсту дакъэм тес цІыхухэр реформэ ткІийхэм я ужькІэ абы къехьыжу «тобэ» къахьыжьыным ущІыщІыгугъын щыІэкъым.

- Дэ иджы илъэс тІощІ хьуауэ зэхъуэкІыныгъэ хуэхъуэр идогъэкІуэкІ, ауэ абы щыгъуэ эмэ жыдоІэ реформэ ткІийхэм щІэдмыдзэфу. АтІэ сыт хуэдэу щытын хуейкъэрым и экономикэ политикэр?

- Дэ ди докладым кьыщІидгъэлагъуэ стратегие план зэхэлъхьэн хуейуэ, абы щыгъуэми Горбачев кьыдита хуитныныгъэр фІэкІыпІэ имыІэу кьызэтедгъэжьыну. Демократиэм зэрызыужьыкъым кьызэпиудын хуейкъым технологиещІэхэм хуэкІуэныр, экономикэм зиужьын папщІэ кьэралым игъэзащІэ зэщІэзыгъуэ кьалэныр.

- КъэралыщІ, къэралкІуэцІ бийхэм ялэщІэтыным и мызакъуэу, Урысейм и цІыхухэр зэщхьэщыкІыныгъэр игъэмэщІэну кьиІэзыгъам. Мы зэманым а зэщхьэщыкІыныгъэр «16» бжьагъэ щынагъуэмкІэ къагъэлъагъуэ.

- Къытезгъэзэжыщи, Медведевым дежкІэ нэхъыфІщ Іуэхухэм щхьэтеч темыпсэлъхьэ. Ар абы къыхэкІыжащ.

- Хэхыныгъэхэр зэфІэкІащ. И кьулыкъым гъэрыхэмэ, Медведевым Іуэхуцкъуэ гуэрхэр зэфІигъэкІыну, цІыхухэм я псэуныгъэм, я щІэныгъэм, я щІэныгъэ щынагъуэмкІэ къагъэлъагъуэ.

- Къытезгъэзэжыщи, Медведевым дежкІэ нэхъыфІщ Іуэхухэм щхьэтеч темыпсэлъхьэ. Ар абы къыхэкІыжащ.

- Хэхыныгъэхэр зэфІэкІащ. И кьулыкъым гъэрыхэмэ, Медведевым Іуэхуцкъуэ гуэрхэр зэфІигъэкІыну, цІыхухэм я псэуныгъэм, я щІэныгъэм, я щІэныгъэ щынагъуэмкІэ къагъэлъагъуэ.

- Ар абы къыхэкІыжащ.

- Хэхыныгъэхэр зэфІэкІащ. И кьулыкъым гъэрыхэмэ, Медведевым Іуэхуцкъуэ гуэрхэр зэфІигъэкІыну, цІыхухэм я псэуныгъэм, я щІэныгъэм, я щІэныгъэ щынагъуэмкІэ къагъэлъагъуэ.

- Путинымрэ Медведевымрэ жаІэкІэщІ налогыр гъэмэщІэным я тельхьэну. Зэрыгуэрыуэгъуэщи, ар бюджетымкІи щІагъэхьэным.

- Сэ къызэлъытэ къэралым зи гугъу тщІа Іэнатіэхэм яхуиу: тІыпщ ахьышэр зэригъэмащІэр, налогхэр тынш, зэращищІыр лъабжьэншэу. Бизнесым зэхъуэшхэ Іэрохьэ, абы и деж кІэ мыхьэнэшхэ иІэкъым налогхэр хуагъэмащІэми, абы хухагъахъуэми.

- Налогхэр ямыгъэмащІэмэ, хьэрычтыщІэ лэжьыгъэ кьуныт, мащІэм зрагъэлъхьэфынну?

- Израильм щыІэщ инвестицэ фонд. Ар Голливудым хуэдэу мэлажьэ - псоми ахъшэ ярет, абы щыгъэуми фІыуэ кьыгурыІуэ яхуиутІыщащ и процент 97-м кьызэримыгъэзэжьынур. Арщхьэкіэ адрей процентэ 3-м кьаухиыкьр кьыпхуэмылытынтэ хуэдизу хэкІыжащ игъэуэта хэщІыныгъэ пчъ нэхъыр. ТегъэщІапІэ ищІыр творческэ кьарупц. Абы зэи укьигъэІэнукъым.

- Хэхыныгъэхэм я пэ къихуэу къызэрагъэпэщахэм я гугъу тщІынти, Ипэ щыкІэ Медведевым зыкъигъэщІагъэнуащІыкъуэ хэм я псэукІэр егъэфІэкІуэным еплІапІэ вице-премьеру. Иужькіэ макроэкономикэм зритыжащ. Сыт ар къызыхэкІар?

- Ар гурыІуэгъуэщ. Сыт Медведевым хэхакІуэхэм щІахуэмызар? Абы жуаоп яритын хуей къынэу упщІэ гуэрхэм. Нэхъ дахэу упсэльэну, псоукІэр егъэфІэкІуэн и лъэныкъуэкІэ зыри пыухыкІуэ къыумыгъэгугъэну нэхъ тыншщ. Ди деж илъэс 17 хъуауэ щІагъэкІуэкІыр зыуэ щыт экономикэм и политикэщ. Ар щыщІагъэкъэм, ауэ, Тхъэм и шыкуркІэ, дыкъыдахьж ди щІыуэпс кьуеилегъэ и дыдэхэм. Ауэ апхуэдэ щытыкІэм дэ дыхуишащ узэщІынытэ дэжьым гъэм дыщыжьыжьым. Абы къыхэкІыу мурад пыухыкІахэр кьимыгъэлъагъуэ, Медведевым тегъэщІапІэ ищІар псалъэ тарэ Іуэхуэр. Ауэ и чэзу хуэдизу псалъэхэм дакъыпыкІыу Іуэхуэм ящхь дихьну.

- Псалъэ тарэфарэхэри хъэрэзынэщ, ауэ нэхъыфІт ВВП-м хуэдэ ТІкІ зиІэ къэралым и Іуэху щІэкІэ, нэхъ къулей дыдэхэм-рэ кьулейсыхэмрэ я зэщхьэщыкІыныгъэр игъэмэщІэну кьиІэзыгъам. Мы зэманым а зэщхьэщыкІыныгъэр «16» бжьагъэ щынагъуэмкІэ къагъэлъагъуэ.

- Къытезгъэзэжыщи, Медведевым дежкІэ нэхъыфІщ Іуэхухэм щхьэтеч темыпсэлъхьэ. Ар абы къыхэкІыжащ.

- Хэхыныгъэхэр зэфІэкІащ. И кьулыкъым гъэрыхэмэ, Медведевым Іуэхуцкъуэ гуэрхэр зэфІигъэкІыну, цІыхухэм я псэуныгъэм, я щІэныгъэм, я щІэныгъэ щынагъуэмкІэ къагъэлъагъуэ.

- Путинымрэ?

- Абыхэм я зэхущытыкІэнур зыми хужьІэнукъым. Путиным, дауи, кьыгурыІуэ кьыщІэкІынущ премьер-министру щыту президентыр езым и жьІэм зэрыщІимыгъэтыбырщ. Тхьдэм апхуэдэ кьыщыхъуакъым. Медведевыр зэгуэр фІэзэхьІэ имыІэу егупсысынущ: «Сэ сыхэт? Сыт сэ сщІэр? Пащтыхьэм сахуоІэ, лыкІуэу кьагъэкІуэхэм дзыкъ зэрахуэсщІ тхьлъхэр язот. Аркъудей?» Мыбдеж властыр зэхуэгуэшхуэ яхуейщ. Мы Іуэхуэм хыхьэнщ, абыхэм я бгыгущІэ зэрыщІэкІынущ премьер-министру щыту президентыр езым и жьІэм зэрыщІимыгъэтыбырщ. Тхьдэм апхуэдэ кьыщыхъуакъым. Медведевыр зэгуэр фІэзэхьІэ имыІэу егупсысынущ: «Сэ сыхэт? Сыт сэ сщІэр? Пащтыхьэм сахуоІэ, лыкІуэу кьагъэкІуэхэм дзыкъ зэрахуэсщІ тхьлъхэр язот. Аркъудей?» Мыбдеж властыр зэхуэгуэшхуэ яхуейщ. Мы Іуэхуэм хыхьэнщ, абыхэм я бгыгущІэ зэрыщІэкІынущ.

Епсэльар
ПОЛУХИН Алексейм.
«Новая газета».

● Ди сурэт гъэтІылъыгъэхэр

Хэку заузшхуэм и ветеран, Урысей Федерацэм и цІыхубэ артист, Къэбэрдей-Балъкъэрым и Къэрал саугъэтым и лауреат Къардан Хьэсэн Екъуб и къуэм гупытэ хэха хуеиІ ныбжьыщІэхэм.1967 гъэм траха сурэтым щыловалгъ композитор щІэрыІуэр Зеикъуэ къуажэм щыщ уэрэдуе Щомахуэ Хьэсэнбий псалъэ дахэкІэ зэриущийр.

● ГАИ-м къет

Тхьэмахуэ зэхуакум

ГЪАТХЭПЭМ и 1 - 9-хэм республикэм гъуэгу насыпныщагъэу 12 къыщыхъуащ, абыхэм щІыхуэ 7 гъэкІуэдащ, 14-м фэбжь хэхащ.

Гъатхэпэм и 4-м сыхьэт 18-м ВАЗ-2107 автомашинэр зезыгъакІуэ, Шэджэм ЕтІуанэ кьуажэм щыщ щыхухъур 4-нэ курыт еджапІэм дежь гъуэгур щызэпыІзыупщІ, 1997 гъэм кьаалъхуа ныбжьыщІэм жьэхуащ, Хьыджэбз щыкІур республикэ сымаджещІым яшат, ауэ кьыштеуа фэбжьым кьелакъым.

Гъуэгу пльыркэм сэтей кьащІащ агрегатым тетын хуей номерхэр зэрахьуэ-кІуаэ е укьемыджэфу автомашини 7.

Тхьэмахуэ зэхуакум кьрюбудэу кьаГъэтащ кьалъхьэуэ шофер тхьапчъ 2 транспортыр зэратхамкІэ 1 тхьыть.

КъБР-мрэ РСО-Аланиемрэ щыщу кьаІпыхьуэ щІыхуитІ зыубгъуащ.

КъБР-м щыІэ МВД-м и ГИБДД-м и ДПС-м и гъэжькІуэкъм гъатхэпэм и 3, 4-хэм яубдащ 1972, 1981 гъэхэм кьаалъхуа ныбжьыщІэхэм зэхуащ, Хьыджэбз щыкІур республикэ сымаджещІм яшат, ауэ кьыштеуа фэбжьым кьелакъым.

Гъуэгу пльыркэм сэтей кьащІащ агрегатым тетын хуей номерхэр зэрахьуэ-кІуаэ е укьемыджэфу автомашини 7.

Тхьэмахуэ зэхуакум кьрюбудэу кьаГъэтащ кьалъхьэуэ шофер тхьапчъ 2 транспортыр зэратхамкІэ 1 тхьыть.

КъБР-мрэ РСО-Аланиемрэ щыщу кьаІпыхьуэ щІыхуитІ зыубгъуащ.

КъБР-м щыІэ МВД-м и ГИБДД-м и ДПС-м и гъэжькІуэкъм гъатхэпэм и 3, 4-хэм яубдащ 1972, 1981 гъэхэм кьаалъхуа ныбжьыщІэхэм зэхуащ, Хьыджэбз щыкІур республикэ сымаджещІм яшат, ауэ кьыштеуа фэбжьым кьелакъым.

Гъуэгу пльыркэм сэтей кьащІащ агрегатым тетын хуей номерхэр зэрахьуэ-

КъБР-м щыІэ МВД-м и ГИБДД-м и пльыр Іуэхущапіэм и батальон щхьэхуэ.

Хъыбар гуэр фщІэуэ

ГЪАТХЭПЭМи 7-9-хэм Іуэху зэрыІуэ хэт ми ямыубзыщу, зэрыщ агъэфащэмкІэ, РАФ-31 ГОЗ автомашинэ дыжьынЬфэр зезыгъакІуэр Владикавказ пльэныкъуэкІэ «Кавказ» федеральнэ гъэзэгум тету здэкІуэм, 477-нэ километрым деж щыжьэхэуащ 1981 гъэм кьалъхуа, Арщыдан щыщ лъэсрыкІуэм. Ар кьытехуа фэбжьым кьелакьым.

Аварием зи зэранкІэ кьэхъуа шоферым зигъэпщкІужащ.

А насыпныщагъэр зыпльэгъуахэм, кьэхъуам теухуауэ хъыбар гуэр зыщІэхэм дынывольэІу фыкьэпсэльэну мы телефонхэмкІэ: **96-10-00, 96-23-22** е **02.**

Фи цІэ-унэцІэр хэІущІыу ящІынкъым.

КъБР-м щыІэ МВД-м и ГИБДД-м и пльыр Іуэхущапіэм и батальон щхьэхуэ.

Еврэ мин 60 кьыкъуах

«НАЛІШЫК - ШАРДЖФ» рейсым итІысхьэнхэр Къэбэрдей-Балъкъэрым и кьалащхьэм и аэропортым щыщатхэм таможнэм и лэжьакІуэхэм науэ я кьащІащ гъэзугурыкІуэхэм ящыщ зым декларацэм кьыщимыгъэльэгъуауэ нэгъуэщІ кьэралым и валютэу ахъшэмкІэ зэхуэсщІ. Абы Хьэрэп Эмират Зэгуэтхэм здишэн папщІэ декларацэм кьыщимыгъэльэгъуауэ еврэ мин 60 кьыкъуахащ. Абы теухуауэ уголовнэ Іуэху кьызэІуахащ икІи ар зэхэгъэкІыным иолэжь Минвод таможнэм и лэжьакІуэхэр.

● ХъыбарегъащІэхэр

«Си гур къуршхэм щыІэщ»

А фІэщыгъэщІэр иІэу гъатхэпэм и 14-м сыхьэт 15-м Лъэпкъ музейм къыщыхэІуахьнущ

ЖУРТ ХЬЭСЭН

триха сурэтхэр щагъэльэгъуну выставкэ. Музейм и адресыр: Налшык къ., Горькэм и цІыкІэ щыІэ уэрам, 62.

Фыкъеблагъэ!

Надшык къалэм и дзэ комиссариатым запасым щыІэхэу зи ныбжьыщ илъэс 40-м щхьэдэмыхахэр контракткІэ кьулыкъу ящІэну иредж Кавказ Ищхъэрэ дзэ округым щыІэхэм яхигъэхьэн щхьэкІэ.

Улахуэр инщ, сом мини 10-м щыщІэдзауэ мин 25-м нос.

КонтракткІэ дзэ кьулыкъум хьыхьэну яхуэхьащ Налшык кьалэм и дзэ комиссариатым зыкъуретаІэ мыпхуэдэ адресымкІэ: Красноармейскэ уэрам, 26, 24-нэ пэш;

Телефоныр: 44-10-83.

Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым ЕгъэджакІуэхэм я щІэныгъэм щыхагъахьуэ и институтым, «Адыгэ псалъэ» газетым, «Іуащхьэмахуэ», «Нур» журналхэм я редакцэхэм хъыбар фагъащІэ илъэс куэдкІэ адыгэ бзэщІэныгъэм хуэлэжьа **КъуэщІысокъуэ Нурхьэлий Мусэ и къуэр** дунейм зэрехьажамкІэ икІи абы и Іыхьлыхэмрэ и благъэхэмрэ яхуогъаз.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и тхаІуэхэр Урысейм и ТхаІуэхэм я союзым хэт **Байдаев Мусэ Керим и къуэм** хуогъазэ абы и къуэш **Хьэлым Керим и къуэр** зэрыІэм къыхэкІыу.

● Куба

Кастрэ токІ, Кастрэ тоувэ

Мы гъэм мазаем и 19-м Кубэм и къэрал Лыцхьэр зэрахьэхьащ. Къэрал Совет-ым и зэхуэсым Къэрал Советым и унафэщІ щыта Кастрэ Фидель и кьулыкъум тригъэкІри, абы и пІэм иригъэуващ Кастрэ Рауль. Тхьдэм кьихьэкъум тригъэкІри, абы и пІэм иригъэуващ Кастрэ Рауль. Кастрэ Фидель и кьулыкъум тригъэкІри, абы и пІэм иригъэуващ Кастрэ Рауль.

КАСТРЭ ФИДЕЛЬ щІалэ дыдэу кьыгурыІуащ Кубэм и диктатор Батистэ-и-Сальдивар щыкІуэр гугъу зэрыригъэхьар, зэхэзехуэн зэрыщІар икІи бзэныныгъэм зритащ. Абы 1953 гъэм кьызэригъэпэщащ �ІэщэкІэ зэщІэзэуэда гуп. Ауэ, ябыдри, илъэс 11-кІэ ягъэтІысащ щытащ. 1955 гъэм лъэхъэушэм кьыкІуэсыкІыжьи икІи Мексикэм Іэпхъэхэн хуэзфІэкІащ. Абы арагуэрщ ЕщэкІэ зэщІэуэзда гуп кьыщызэригъэпэщащ икІи «Трамп» кьхъхьымкІэ 1956 гъэм Кубэм къитІэуэжащ, къэралым ис цІыху ящІ кьызэкІуэн хуэзфІэкІащ. 1959 гъэм Кастрэ Фидель кьэхьулІащ Батистэ-и-Сальдивар тридзым, власти нубыдым. А гъэ дыдэми Фидель ягъэуващ Кубэм и премьер-министру. 1965 гъэм Кастрэ кьызэригъэпэщащ Кубэм и компартыр икІи абы и ЦК-м и япэ секретару хъхащ. КъыкІэлъыкІуэ гъэм Фидель Кубэм и Къэрал Советым и унафэщІу, Министрхэм я Советым и тхьэмадэу ягъэуващ. Иджы кьыздэсым абы а къулыкъушхэр ИыгъащІ, 1963 гъэм, Хрущев Н.С. и зэманым, Кастрэ Фидель Совет Союзым и ЛыхъужьмкІэ щІащ, 1961 гъэм Ленин саугъэтыр иратащ.

Кастрэ Фидель и кьулыкъум текІащ куэдрэ сымэджа иужь. Ар куэдым кьела цІыхущ. США-м и Іуэхущапіэ щхьэхуэхэмрэ абыхэм я цІыхухэмрэ ар яукІыну 600-м щІигъуэр иужь итащ. Абы Іэщэлъ къэралыр экономикэ и лъэныкъуэкІи ятхьэпэну куэдрэ хэтащ. А псоми кьела Фидель 2006 гъэм кьеуэлІа уз бзаджэм игъэхьащІащ. ИльэситІым нэсауэ абы и гъашІэр щигъакІуэр сымаджэщІрщ, иджы и кІэ-тІийхэр («Трамп» кьхъхьымкІэ) 1956 гъэм Кубэм къитІэуэжащ, кьэралым ис цІыху ящІ кьызэкІуэн хуэзфІэкІащ. 1959 гъэм Кастрэ Фидель кьэхьулІащ Батистэ-и-Сальдивар тридзым, власти нубыдым. А гъэ дыдэми Фидель ягъэуващ Кубэм и премьер-министру. 1965 гъэм Кастрэ кьызэригъэпэщащ Кубэм и компартыр икІи абы и ЦК-м и япэ секретару хъхащ. КъыкІэлъыкІуэ гъэм Фидель Кубэм и Къэрал Советым и унафэщІу, Министрхэм я Советым и тхьэмадэу ягъэуващ. Иджы кьыздэсым абы а къулыкъушхэр ИыгъащІ, 1963 гъэм, Хрущев Н.С. и зэманым, Кастрэ Фидель Совет Союзым и ЛыхъужьмкІэ щІащ, 1961 гъэм Ленин саугъэтыр иратащ.

Кастрэ Фидель и кьулыкъум текІащ куэдрэ сымэджа иужь. Ар куэдым кьела цІыхущ. США-м и Іуэхущапіэ щхьэхуэхэмрэ абыхэм я цІыхухэмрэ ар яукІыну 600-м щІигъуэр иужь итащ. Абы Іэщэлъ къэралыр экономикэ и лъэныкъуэкІи ятхьэпэну куэдрэ хэтащ. А псоми кьела Фидель 2006 гъэм кьеуэлІа уз бзаджэм игъэхьащІащ. ИльэситІым нэсауэ абы и гъашІэр щигъакІуэр сымаджэщІрщ, иджы и кІэ-тІийхэр (ракьым) нубыдауэ хуагъэфащэ. А псом кьыхэкІащ абы и Іэнатіэр кьигъэнэри.

Кастрэ Фидель и пІэм иуващ и кьуэш нэхъыщІэ Кастрэ Рауль. ЦІхъэ Рауль, нэгъуэщІ мыхьэу? Дунейм куэдрэ кьыщохьу адэр ІукІи, ар, абы и пІэм и бынхэм ящыщ гуэр увэу. Кьапщтэмэ, Корее Ищхъэрэм и президент 1994 гъэм хъуащ Ким Чен Ир, и адэм и пІэм иувэ. Апхуэдизу я адэхэм я пІэхэм иуващ Сирием и президент Башар аль-Асад, Азербайджаным и президент Алиев Ильхам, США-м и президент Буш Джорджэ нэхъыщІэр, иэгъуэщІ куэди. Фидели и пІэм иригъэувэ хъун бын балигъ иІэт. Аха блы мэхъу. Ипхъу Алинэ илъэс 52-рэ и ныбжьщ, США-м щедащ, и куэд Фиделитэ абы нэхърэ куэдкІэ нэхъыщІэкъым, СССР-м щедащ. Ауэ езы Фидель кьыхихар и кьэщ нэхъыщІэ Раульщ. Ар 1931 гъэм кьалъхуащ, армэм и генералщ, и кьуэш нэхъыжьым и Іуэху, хуэпэжу сыт щыгъуи дэлэжьащ, кьулыкъу псомкІи Фидель и япэ кьуэдзэу щытащ. 1959 гъэм кьыщыщІэдзауэ Кубэм ЕщэкІэ зэщІуэзда и кьарухэм я мистущ. И цІыхугъуэ Эспин Вильмэ унагъуэ хуэщІа кьыхэкІат икІи и Іым сыт щыгъуи хуэпэжащ. Нэгъабэ дунеим ехьжащ. Рауль пхъищ иІэщи, псори балигъщ, унагъуэ.

Кубэр нобэ экономикэ щытыкІэ гугъуэм итщ. КъэралкІуэцІ продуктыр щ цІыхум тещІыхьауэ нэхъ мащІэщ США-м елытауэ хуэдизщ 8,6-кІэ, Мексикэм нэхърэ хуэдизщ 2,8-кІэ. ЩІыхьэуэ телъыр доллар мелиард 18-м нос. ЛІэжьапІэ зэрамыгъуэтым, кьалэжьыр зэрымащІэм кьыхэкІыу, Кубэм икІыуэр гъуэгуанэгъу зэрыщІэхьэуэ.

1991 гъэ щІоІондэ Кубэм хуабжьу дэІэпыкъуащ СССР-р, социализмэм и гъэзугум тет нэгъуэщІ къэралкъуэ. Дзэ къэралым абы х